ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№99 (24.069) ● 2020 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр епсэлъащ «Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхуэсым хэтхэм

«Мэшыкъуэ-2020» XI Кавказ Ищхьэрэ щІалэгъуалэ зэхуэсым ди щІыналъэм щыщу хэтхэмрэ адрей илъэсхэм форумым и грант зэпеуэхэм щытекІуэхэмрэ онлайн-зэІущІэ ядригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗЭІУХАУЭ икІи жьыджэру екІуэкІа зэпсэльэныгъэм и гугъу щащІащ щІалэгъуалэ политикэм, щІэныгъэм, егъэджэныгъэм, медицинэм, спортым, щІыуэпсым, туризмэм, щІыхьэр псыкІэ къызэгъэпэщынымрэ Іэнатіэ егъэгъуэтынымрэ, къищынэмыщІауэ, пандемиемрэ республикэм и экономикэр дэІыгъыныбмрэ екъэлІа Іуэхугъуэхэм.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, онлайн зэІущІэм Іэмал кьыдитыжькъм дызэрыхуейм хуэдэу хуиту дызэпсэльэну, жиІащ щІыналъэм и Іэтащхьэм, абы щыгъуэми нобэрей лъэхъэнэм ар и хэкІыпІэфІщ, эмэныр зэгъэзэхуауэ къэбгъэсэбэпу уэрыщІэныбмкІэ.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ «Мэшыкъуэ» зэхуэсыр - щІыналъэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ зэхьыхэу зэрыщытыр. Абы щІалэгъуалэм Іэмал ярет я зэфІэкІымкІ гупсысэ щхьэпэхэмрэ ягъэзэщІэну: «Си дежкІэ нобэрей ди псалъэмакъыр сызыхуэныкъуэщ, сыту жыпІэмэ апхуэдэ щыкІэкІэ республикэм и щІалэгъуалэм ящыщу нэхъ жьыджэрхэм зэпысщІэну, ахэр зыгъэпІейтейр зэзгъэщІэну, кьыхалъхьэ жэрдэмхэм зыщызгъэгъуэзэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьныгъэр зрапхыр зыхэсщІэну схуэзфІокІ».

Зи узыншагъэм кьимыхьхэм сыт хуэдэ дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтынуми зрагъэщІэну зэІущІэм хэтхэр щыщІэупщІэм, КІуэкІуэ Казбек яжриІащ, ди щІыпІэм щызэхалъхьэ проектхэм куэд кьызэрызэщІаубыдэр икІи Іэмал имыІэу апхуэдэхэми я щІэгъэкъуэнигъэр кьызэрыщыльытар.

Тепсэльыхьащ республикэм и щІалэгъуалэм я кьарур кьызэрагъэсэбэпыфынуми. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм хьыхигъэщащ КЪБР-м и щІалэгъуалэ политикэм и гъэІорышІапІэ кьызэрыхьу зэрыщытыр гъащІэм и социальнэ Іэнатіэ псоми я зэфІэкІыр нэсу кьыщагъэльэгъуну ныбжьыщІэхэм зэхуэдэ Іэмал етыныр. ЩІалэщІэхэм я къарур здыкъэнэсыр кьыщагъэльэгъуэфынухэм я нэхъыщхьэу КІуэкІуэ Казбек кьыхигъэщащ хьэрычэтыщІэ Іуэхур икІи кьыхуриджащ жьыджэру, жэрдэмщІакІуэу, емызэшыжу ахэр щытыну.

Налшык дэт Гидрометеллургическэ заводыр зэхущыІыным, нобэрей щІыуэпс мардэхэм кьитІасэ Іуэхущ1ащІэхэр зэфІэгъэвэным, щІалэгъуалэм Іэнатіэщ1эхэр къахуэІухьыным, КЪБР-м щат улахуэр кьэІэтыным, республикэм кьыщІалэжьым хэгъэхъуэным, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, нэгъуэщІ куэдми тепсэльыхьахэщ.

Онлайн-зэІущІэм и кІэухым абы хэтхэр КІуэкІуэ Казбек кьиргъэгугъащ кьаІэта Іуэхугъуэ псоми властым и гъэзэщІакІуэ Іэнатіэхэм щыхэплъэнур икІи ахэр зэфІэхьыныкІэ Іэмалхэр ящІэхьну. ЗэІуихэу зэрызэпсэльэм, щІыналъэм и деккІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэхэр кьызэрагъэтам папщІэ лІыщхьэм дэтхэнэми фІыщІэ хуищІащ.

«Ди республикэм къэкІуэну дахэ икІи нэху зэриІэр си фІэщ мэхъу, сыту жыпІэмэ фэ фхуэдэ щІэблэ гъэзэждж ящІыщІохъэрэ, - кьыхихгъэщащ КІуэкІуэ Казбек. - Фытегушхуэ, фи гупсысэхэр пхыбгъэкІ, щІэх-щІэхьыгъэ жэрдэмхэр кьыхэфлъхьэ! Дэ ди лъэныкъуэкІэ сыт щыгъуи дэІэпыкъуныгъэ щывгъуэтынущ. ФІыщІэ ин фхуэщІ нобэрей зэІущІэ гуапэм папщІэ!». ЩІналъэм и Іэтащхьэм щхьэхуэу фІыщІэ яхуищІащ щІалэгъуалэ зэІущІэр зэхэзышахэм, зэман кІэщІым кьриубыдэу «Мэшыкъуэр» мардэщІэм кьызэрырагъэзэгъэфам кьыхэхьІу.

«Мэшыкъуэ-2020» Кавказ Ищхьэрэ щІалэгъуалэ зэхуэсыр мы гъэм епщыкІу-занэу зэхуэдэ ІкІи Іапэуц1 онлайн-щыпкъэм зэрыветыр. Абы и кьызэгъэпэщакІуэхэщ Урысей Федерацэм и Президентым Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щІиІэ и полномочнэ лІыкІуэм и аппаратыр, Льэпкъ Іуэхуэхмкіэ федеральнэ агентствр, ЩІалэгъуалэмкІэ федеральнэ агентствр, «Урысейр - зэфІэкІхэм я кьэралщ» мыльку кьезымыгъэщІ автоном зэгуэхьныгъэр, Ставрополь крайм и правительствр.

Зэхуэсым хэтхэм - ди кьэралым и щІыпІэ псори кьызэщІэзыубыдэ щІалэрэ хьэщІжбзу ахэр минищым щІегъу - я унэм щІэсыжу ИнтернетымкІэ я жьыджэрагъыр кьагъэльагъуэ. ЗэпэІудзауэ мэлажьэ егъэджакІуэхэри, модераторхэри, ГъэсакІуэхэри. ЗэІущІэ щхьэхуэхэр езыгъэкІуэкІ хьэщІэ щІэрыпІуэхэр ирагъэблагъэ Ставрополь кьалэмрэ Кавказ Ищхьэрэм и адрей щІыпІэхэмрэ кьыщызэрагъэпэщ студиехэм.

«Мэшыкъуэ-2020» зэхуэсыр щыщхьэуІум и 10-м щыщІэдзауэ а мазэм и 26-м пщІондэ Іыхьиплу зэхашІ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр абы щагъэльэгъуэнущ цІыху 300-м. ЩІалэгъуалэмкІэ федеральнэ агентствэм и грант зэпеуэм хэтынущ 105-р. Ди республикэм щыщхэм я проектхэм я унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэщ езыхэр яфІэфІу цІыхухэр Іуэхум хэшэныр (процент 35-р), жэрдэмхэр ядэІыбыныр (процент 20-р), хэкупсэ гъэсэныгъэр (процент 15-р), кьищынэмыщІауэ спортыр, гъащІэ узынщэ екъэкІыныр, туризмэр, студент жэрдэмхэр (процент 30-р).

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Террорым пэщІэт комиссэмрэ КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабымрэ я зэІущІэ

Террорым пэщІэт комиссэмрэ КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабымрэ я зэІущІэ зэхэт Правительствэм и Унэм КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков А., федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ МэкЪуауэ Т., хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, министерствэхэм, ведомствэхэм, муниципальнэ къэхъуныгъэ щхьэхуэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЩІэныгъэм и Махуэм екъэлІа даузадащхэм зыщыкъагъэхьэзыр икІи ахэр щеКІуэкІыну лъэхъэнэм щынагъэнщагъэр кьызэрызэрагъэпэщ, кьищынэмащІауэ, егъэджэныгъэмкІэ Іуэхущ1апІэхэр террорым зэрыщащхьумэ щІыкІэм тепсэльыхьахэщ. Адэкіэ хэпІащ ТЭК-м, сату Іуэхущ1апІэхэм, дин зэгуфхэныгъэхэм екъэлІауэ КЪБР-м щыІэ Террорым пэщІэт комиссэм 2019 гъэм ищІа унафэхэр зэрагъэзащІэм. Гулъытэ хэха хуащІащ Урысей Федерацэм террорым и идеологием щыпэщІэтыным ипкъ иткІэ республикэм щызэхалъхьа комплексэ планыр кьаэзрехьулІэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщІэ щытыкІэм щытепсэльыхьым щІыналъэм и унафэщІым ар кІуилъатащ зэпІэзэрыту. Абы щыгъуэми, КЪБР-м и Іэтащхьэ зэрегупсысмкІэ, республикэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэри щынагъуэнщагъэр кьызэгъэпэщыныкІэ кьалэнхэр зи пщэрылъ зыхуэфащэ ведомствэхэр зэрыхьэзырыр сыт щыгъуи пэжу кьэпщІапхъэщ. Террорым пэщІэт комиссэмрэ КЪБР-м щыІэ Оперативнэ штабымрэ хэтхэр, гъэзэщІакІуэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэр абы кьыхуриджащ егъэджэныгъэ Іуэхущ1апІэхэр террорым щыхъумэным екъэлІа язныкьуэ Іуэхугъуэхэр кьызэпаудауэ республикэм и прокуратурэм кьыщІигъэщахэр икІи щІыпІэкІэ ягъэзэкІуэжыну. КІуэкІуэ Казбек ягу кьигъэкІыжащ террорым пэщІэт шынагъэнщагъэр кьызэрэпэщыным кьыдэкІуэу санитар-эпидемиологие мардэхэми тетын зэрыхуейр, еджакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я узыншагъэр яхъумэн, республикэм и щІыналъэм COVID-19-м зыщиубгъуныр кьыщамыгъэхъун папщІэ.

Кьызэхуэсахэм захуигъазэу, КІуэкІуэ Казбек тригъэчынныжащ гъэзэщІакІуэ дисциплинэм щІэкъуэзным, гупысэ пхэнжэм дахьэха цІыху щхьэхуэхэм хэхауэ ядэлэжьэным егъэфІакІуэным.

Зи кьалэн ведомствэхэм пщэрылъ щащІащ социальнэ мыхьэнэ зиІэ объектхэм я паспортизацэр зэфІагъэкІыну, террорым пэщІэт зыхъумэжыныгъэм кьыщыщІагъэщ ныкъуасныгъэхэр лъэныкъуэ ирагъэзыну.

Кьалэта Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ кьэпсэлъащ кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ КЪБР-м министру щыІэ Павлов В., КЪБР-м цІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхмкіэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Езауэ А., Урысей гвардием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ управленэм и унафэщІ Васильев С., КЪБР-м промышленностмкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ КІарэ Э., «Рус-Гидро» ПАО-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ кьудамэм и унафэщІ Кладько И., КЪБР-м граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымрэ льэпкъ Іуэхуэхмкіэ и министр КІурашин А., КЪБР-м и министр Къуэшырокъуэ З., Аруан, Шэджэм щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэу Ажий В., Борсэ Ю. сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Шыщхьэуіум и 20, *махуэку*

♦Эстонием егъэлъапІэ СССР-м кьыхэкІыу къэрал щхьэхуит щыхъуа махуэр. 1991 гъэм Эстоние Республикэр къэрал щхьэхуэ зэрыхъужам теухуа унафэ кьищтащ абы и Совет Нэхъыщхьэм.

♦Хьыджрэ махуэзэпсымкІэ Илъэсыщ1эр кьохьэ

♦1634 гъэм Бурцов Василий Москва щиІэ и тхыльтъ тедзапІэм кьыщыдиргэкІащ ящэ букваурыр.

♦1721 гъэм Петергоф щаутІыпщащ иджы дуней псом щыщІэрыІуэ псыутэ тельыджкэхэр. А щІыпІэм уардэунэхэри псыутхэри зыхэт ансамбль щыхуэныр зи жэрдэмыр Пётр Езанэрт. Франджым и унафэщІэм Версаль щаІэ хэщІапІэм ехьэехуэ щІыпІэ тельыджэ Фин псыдэльдапІэм щищынир и хуэпсапІэт Урысейм и императорым икІи а лэжьыгъэм кьриушэлат архитектор щІэрыІуэ куэд. Иджырей тепльэр игъуэтын папщІэ илъэс щитІым нэблагъэкІэ екІуэкІащ а лэжьыгъэхэр.

♦1812 гъэм Урысейм и дзэ псоми я унафэщІ нэхъыщхьэу ягъэуващ Кутузов Михаил.

♦1913 гъэм Ящэ Урысейпсо спорт олимпиадэр Киев кьалэм кьыщыщІэуІахащ.

♦1915 гъэм дзэм кьулыкъу щищІэну хьыхащ зи ныбжьыр илъэс пщыкІуиІ иригъуа Жуков Георгий - иужькІэ дзэзешэ льэщ, Совет Союзым и Маршал хьуар.

♦1918 гъэм «Дунейпсо литературэ» тхыльтъ тедзапІэр кьыдэзыдэщащ.

♦1922 гъэм Москва кьратыкІыу хуэежащ къэралым и щІыпІэ куэд дыдэм нэс радионэтынхэр.

♦1941 гъэм икІуэт советыдзэхэм ДнепроГЭС-р кьаІэрыгъуэн хуей хьуат. Совет щагъэльагъуэм и Іэтащхьэхэм апхуэдэ унафэ ящІат ар бийм льамыгъэсын мурадкІэ.

♦1945 гъэм СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и кьэрал комитетым и унафэкІэ кьызэрагъэпэщащ, уранырыр кьэгъэсэбэпыным елэжь гупым кІэлъыплъ, зи ІуэхущІафэхэр яущэхуу щыта комитет хэха.

♦1945 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумыр арэзы техьэри кьыщтащ Льэпкъ Зэкъуэтэхэм я Зэгухьэныгъэм и Уставыр.

♦1951 гъэм СССР-м кьыщызэрагъэпэщащ ДОСААФ зэгухьэныгъэр.

♦1953 гъэм Совет Союзым хэІущІыІу ищІащ водород бомбэм и льэщагъэр зэригъэнэхуам теухуа хьыбарыр.

♦УФ-м щыхъ зиІэ и артистхэр, Мейкьуапэ щыхъ зиІэ и цІыху **Щхьэкіуэмыдэ Нурие**т кьыщалъхуа махуэщ.

♦КЪБР-м и цІыхубэ артистхэ **Ерчэн Казимэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Режиссёр, сценарист, УФ-м и цІыхубэ артист **Михалков-Кончаловский Андрей** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Индием и премьер-министру щыта **Ганди Раджив** кьызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхьынущ.

Шыщхьэуіум и 21, *мэрем*

♦Терроризмэм и зэранкІэ хэкІуэдахэр ягу кьыщагъэкІыж дунейпсо махуэщ.

♦Урысейм щагъэльапІэ Офицерым и махуэр

♦Латвием и къэрал щхьэхуитныгъэр щызэфІагъэувэжа махуэщ

♦1561 гъэм Урысейм и пащІыхь Грозный Иван щхьэгъусэу ишащ къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэ (Марие).

♦1911 гъэм Лувр музейм (Париж) щІадыгъуэкІащ Леонардэ да Винчи и сурэт цІэрыІуэ «Джоконда» зыфІищар. Ар зыхуэзэфІэкІари а музейм щылажьэ, гъуджэхэр щыным хуэІэзэ Перуджи Винченцэт. ИлъэситІ дэкІа нэужьщ абы и лъэужь техьэу сурэтыр кьыщагъуэтыжар, дыгъуасІуэри щагъэтІысар.

♦1923 гъэм СССР-м и Къэрал план комитетыр кьызэрагъэпэщащ.

♦1932 гъэм Венецием (Италие) ящэ дунейпсо кинофестивалыр щызэхэтащ.

♦1943 гъэм СССР-м унафэ кьыщащтащ Суворовым, Нахимовым я цІэхэр зезыхьэ, ныбжьыщІэхэр щрагъэджэну дзэ училищэхэр кьызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦1964 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубзхэм я V съездыр екІуэкІащ.

♦1968 гъэм Варшавэ зэгурыІуэныгъэм хьыхэ къэралхэм я дзэхэр Чехословакие къэралым ирашащ.

♦1973 гъэм СССР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и академиер кьызэрагъэпэщащ.

♦1991 гъэм ГКЧП-м къэралым кьыщызэригъэпэща путчым и мурадхэр кьызэремыхьулІар наІуэ къэхъуащ, Совет Союзым власт щІыпІэбыдыну хущІэкъуахэр яубыдащ.

Театрымрэ кинормрэ я актрисэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Артмане Вие** кьызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

Боксёр цІэрыІуэ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Валуев Николай** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

Ямайкэм щыщ спортсмен цІэрыІуэ, дунейм атлетикэ псаущІэмкІэ щыщІэупсэ чемпион щыхьуа, Олимп Джэгухэм 8 щытекІуа **Болт Усейн** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

Урысей биатлонист, Олимп чемпион, нэгъуэщІ дунейпсо зэхьэзэхуэ куэдми щытекІуа, УФ-м спортмкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Шипулин Антон** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщыкІынуц. Хуабэр махуэм градус 21 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм щыпэщІэтынымкІэ лэжьыгъэр зэщІэзыгъэуІуэ комиссэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №149-УГ-мкІэ къащтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм щыпэщІэтынымкІэ лэжьыгъэр зэщІэзыгъэуІуэ комиссэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №149-УГ-мкІэ къащтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн, абы **Бекъуэ Р. Хь.** - Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ следственнэ управленэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр хэгъэхьауэ икІи **Бабаев А. М.** хэгъэкІыжауэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм щыщхьэуІум и 12-м
№103-УГ

«Хабзэгъэув актхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм я пщэрылъхэмрэ гъэзэщІэным кІэлъыплъныныр кьызэрызэрагъэпэщ щыкІэм», Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щышылэм и 23-м къыдигъэкІа Указ №97-УГ-мкІэ къащтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Хабзэгъэув актхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм я пщэрылъхэмрэ гъэзэщІэным кІэлъыплъныныр кьызэрызэрагъэпэщ щыкІэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щышылэм и 23-м къыдигъэкІа Указ №97-УГ-мкІэ къащта «Хабзэгъэув актхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм я пщэрылъхэмрэ гъэзэщІэным кІэлъыплъныныр кьызэрызэрагъэпэщ щыкІэм» зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 1.2 пунктым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ымрэ (адэкІэ - Администрацэм и Унафэщ1)» псалъэхэр зэхъуэкІын «,Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ыр (адэкІэ - Администрацэм и Унафэщ1), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщ1» псалъэхэмкІэ;

б) 1.10 пунктым дэщІыгъужьи:

«1.10. Къэрал кІэлъыплъныгъэмкІэ управленэм щІэх-щІэхьыуэ, ауэ мазэм зэ нэхърэ мынэхъ мащІэу, хабзэгъэув актхэмрэ пщэрылъхэмрэ зэрагъэзащІэ щыкІэм, и чэзум е хуэмыфащэу зэрагъэзащІэри хэту, теухуа информацэ егъэхьэзыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Правительствэм и Унафэщ1ым, Правительствэм и Унафэщ1ым и кьудэзэхэм, Администрацэм и Унафэщ1ым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аппаратым и Унафэщ1ым Іэрагъэхьэн хуэдэу.»;

в) 2.7 пунктым кьару имыІэжу кьэлъытэн;

г) 3.11 пунктым етІуанэ абзацым иужькІэ дыщІыгъужьи мыпхуэдэ мыхьэнэ зиІэ абзацыр:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм е Правительствэм и Унафэщ1ым и пщэрылъыр Урысей Федерацэм и Президентым и пщэрылъыр е унафэр гъэзэщІэным екъэлІауэ зыхуаущІамэ, зыгъэзащІэм кьезытам елъытауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм е Правительствэм и Унафэщ1ым и цІэкІэ ар загъэзащІэр зэрекІуэкІым теухуа информацэ егъэхьэзыр Урысей Федерацэм и Президентым игъэуа пІалъэр кьэсыным махуипщІ мынэхъ мащІэ кьэмынэжауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм е Правительствэм и Унафэщ1ым и пщэрылъым нэгъуэщІ пІалъэ кьыщымыгъэльэгъуамэ.»;

д) 3.13, 3.14 пунктхэм кьару ямыІэжу кьэлъытэн.

2.Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм щыщхьэуІум и 14-м
№105-УГ

ЩІэнгъуазэ пэлъытэ ирехъу!

2008 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэм» лъэпкъым и тхыдэм фІыкІэ кьыхэна цІыху щэрыІуэхэм ятеухуауэ гуэдзэ щхьэхуэхэр кьыдегъэкІ. Дунейм кьытехьакІэщ КІыщокъуэ Алим, Темыркъан Юрий, ІутІыж Борис, Мэшбащ1э Исхьэкъ, Къэшэж Иннэ, Кьардэнгъущ1 Зырамыку, Налохэ Зауррэ Ахьмэдхьанрэ, Мэлбахъуэ Тимборэ, Кьалмыкъ Юрий, Бэрбэч ХьэтІутІэ, Іэпщ1э Александр, Хьэшыр Чылар, Хьэткъуэ Умар (Омер Сейфеддин) сымэ, нэгъуэщІхэми ятеухуахэр.

ПщІэ зыхуэтщІ ди газетеджэхэр фыщыгуфІыкІыну ди гугъэщ шыщхьэуІум и 21-м фи пащхьэ дызэрихьэ унэтІныгъэщІэми. Ар адыгэхэр дунейпсо щэнхабзэм и пащхьэ зэрит, адрей лъэпкъхэм кьахэзыгъэщхьэхукІ ехьулІэныгъэхэм тепсэлъыхь гущэнэхэрщ. ЩІэнгъуазэ пэлъытэ хъуну дызыщІэхъуэпс кьыдэкІыгъуэхэм кьыщыдгъэльэгъэну ди мурадщ адыгэ лъэпкъым и хьугъуэфІыгъуэхэр: «Нарт» эпосымрэ ар адрей лъэпкъхэм я къэрыуатэм кьызэрыщыхьыщхьэрэ адыгэ фащэмрэ Іэщэмрэ; Хьэт кьэралыгъуэмрэ абы ди тхыдэм щыбыдэ увыПІэмрэ; Адыгэ хабзэмрэ ар XXI лІэщІыгъуэм зэрезэгъыкІ; лъэпкъ щхьыныгъуэхэмрэ адыгэ Іэнэм и лъапІагъымрэ, н.

Мы электрон кьыдэкІыгъуэм дуней псом «кьэбэрдей» фІэщыгъэмкІэ кьыщацІыху адыгэшым и блэкІамрэ и нобэмрэ теухуащ. Ар зыгъэхъэзырар «Адыгэ псалъэм» и обозреватель Чэрим Мариан-нэщ.

ПщІэ лейуэ тщыхъунт фэри, ди гупыжхэр кьызэрыддэфІыгъым и джэрпэджэжу, дэ дызыщымыгъуазэ тхыдэ напэ гъэщІэгъуэнхэмрэ щІыхубэм льэІэсыну ффІэигъуэ гукъэкІыж купщІафІэхэмкІэ фыкъыддэгуэшамэ.

ПщІэ кьыфхуэзыщІ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ,
ЩІДАА-м и вице-президент;
«Адыгэ (Шэрджэс) щІэныгъэзэ» институтым и директор,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Урысей ныпым и махуэ

Урысей Федерацэм и къэрал ныпым и махуэр илъэс кьэс щыщхьэуІум и 22-м ягъэлъапІэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмки щекІуэкІынущ махуэшхэм хуэгъэпса Іуэхугъуэхэр.

НАЛШЫК кьали республикэм и щІыналъэхэми кьыщызэрагъэпэщынущ онлайн жыпхъэм ит зэхьыхь зэмылІэужьыгъуэхэр, тхьалъ гъэльэгъуэныгъэхэр, щІэныгъэ щхьэхуэхэм ухэзыгъэгъуазэ сыхьэтхэр, зэпеуэхэр, флешмобхэр.

ЗэрыфщІэщи, Урысейм и ныпыр плъыфищу зэхэтщ: хужьу, кьащхьэу, плъыжьу. Хужьым кьагъэльагъуэ мамырыгъэ, кьабзагъэ, дагъуэншэ, кьызыхуэтынш; кьащхьэр - пэжыгъэмрэ фІэщхъуныгъэмрэ я плъыфащ, плъыжьыр - кьарум, льэщагъым, Хэкум папщІэ ягъэжа лъым я кощІ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иза.

« Адыгэ псалъэр » къезыгъэхьхэм захудогъаз

2020 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм щыхуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр нухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - фокІадэм (сентябрым) щыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми.

Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 464-рэ кІэпІейкІи 2-рэщ.

ПОЧТА РОССИИ

Ди индексыр П 5894

Къэпкъ Іущыгъэ:

Гъавэщ1э къыпІэщІэмыхьэу гъавэжьым уемылъэстауэ.

75

ЗауитІым я лІыхъужь

Шэджэм ЕтІуанэм къыщалъхуа Ахъуэхъу Аслъэнбий Нахъуэ и къуэр Хэку зауэшхуэм и зэманым 115-нэ лъэпкъ шуудзэм политикэ Іуэхуэхэр хэІущІыІу щыныр къызэгъэпэщынымкІэ и инструктор нэхъыжьу щытащ.

ЗАУЭМ къащыпэщытЫ къалэнхэр къайхъулІэн щхьэкІэ Ахъуэхъум зауэлІхэр иущийрт, апхуэдэуи лІыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэльагъуэу езыри бийм ящІэтт. 1942 гъэм и бадзэуэгъуэм зэхуэу нэхъ гуащІэхэм я зым ар уІэгъэ щыхъуащ, ауэ и узыншагъэр иригъэфІэкІуэжа нэужь, и пщэрылъхэр игъэзэщІэну гъэрыувэжащ.

1942 гъэм и жэпуэгъуэм 115-нэ шуудзэм хэщыныгъэшхуэ игъуэту щызэбграгъэкІыжым, Аслъэнбий нэгъэущІ дзэ гупхэм хэту зэуащ. Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм псэемыблэжу зэрапэщІэтам папщІэ, абы кьыхуагъэфащащ Багъуэ Плъыжь, Бэракъ Плъыжь, Хэку зауэшхуэм и етІуанэ нагъыщэ орденхэр.

Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр Германием нэс зыхуажаэм Ахъуэхъу Аслъэнбий яхэтащ, арщхьакІэ абдежи и зауэ гъэзэгуанэр ихакъым. Абы и дзэ гупыр жьыджэру хэтащ Япон зауэми. Аслъэнбий Бэракъ Плъыжь орденыр къратыну хуагъэхъеящырат, арщхьакІэ Хэку зауэшхуэ орденым и яп нагъыщэр кьыхуагъэфащащ. Абы ар ирипагэу «Япониемк зэрытекІуам папщІэ» медалым бгъурыту и бгъэгум хилъхьащ. Нэхъ и пэкІэ зауэлІ хахуэм кьратуэ щытащ «Кавказыр зэрихъуамал папщІэ», «Белград щхьэхуит кьызэрищІыжам папщІэ», «Будапешт кьызэращтам папщІэ», «Германием зэрытекІуам папщІэ» медалхэри.

Ахъуэхъур дзэм кьыхэкІыжащ 1946 гъэм. КъБР-м кьэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и Іэнатіэхэм я ветеранхэу Шэджэм Залымджэрийрэ Шипилов Валерийрэ зэрыжаІэжьымкІэ, Аслъэнбий зауэ нэужь зэманым къэхъулІэу лэжьащ Совет административнэ районым (иджы Шэрэдж) и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІу, партым и Іуащхьэмахуэ щІыналъэ комитетым и яп секретару, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и етІуанэ секретару. 1969 гъэм пенсэм кІуэхункІэ, ар республикэм и Министрхэм я Советым и унафэщІу щытащ. Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрытами, жэрдэмщІакІуэу, Іуэхум фІыуэ хищІыкІыу абы зыкъигъэлъэгъуащ, щІыналъэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуищІащ.

Ахъуэхъум зауэм къыщыхъа Іэдамыгъэ лъэпІэхэм къакІэлъыкІуащ и гуащІэ емыблэжу зэрылэжьам къыпэкІуахэри: Лениным и орденыр, Лжжыгъэмрэ Бэракъ Плъыжьымрэ я орденхэр, «Лэжьыгъэфі зэрыригъэкІуам папщІэ», «Ленин В.И. кьызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр.

Аслъэнбий СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и хэхыгъуиплІым и депутату, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ, илъэс зыбжанэкІэ партым и щІыналъэ комитетым и бюром хэтащ, КПСС-м и съездым и пІыкІуэу щытащ.

Хэку зауэшхуэм и лІыхъужьыр дунейм ехыжащ 1980 гъэм гъатхэпэм и 5-м. Абы и фэеплъу Налшык кьалэм и зы уэрамым и цІэр фІащыжащ.

ШКІЭЖЬ Ирэнэ.

КъБР-м Цыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и ныбжьыр илъэс 18 иримыкъуахэм я хуитныгъэм, абыхэм къащхьэщыжыным, шынагъуэм щыхъума хъуным ехьэлІауэ зэІущІэ щызэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хъубий Марат. Апхуэдэу зэІущІэм хэтащ Сабийм и хуитныгъэхэмкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и уполномоченнэ ЛІынэ Светланэ, КъБР-м Цыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Езауэ Анзор сымэ, нэгъуэщІхэри.

КЪЫІЭЗХУЭСАХЭР тепсэлъыхьащ гъащІэм щытыкІэ гугъум иригъэува сабийхэм, абыхэм я унагъуэхэм драгъэкІуэкІын хуей псалъэмакъхэм, лэжьыгъэхэм. Псом хуэмыдиу къыхагъэщащ Іуэху мыщхьэпэм хэхуауэ учётым щыт ныбжьыщІэхэр физическэ щэнхабзэм, спортым дегъэхьэха зэрыхъуну щыкІэхэр, никотин зыхэлъ продукцэхэм щыхъумэ хуэн папщІэ иратъэкІуэкІыну профилактикэ лэжьыгъэхэр.

КъБР-м лэжьыгъэмкІэ, цыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дзэпыкъуныгъэ егъэзэгъэпэщыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Романовэ Еленэ кьыщыпсалъэм жиІащ 2020 гъэм и яп Іыхьэр къапщтэмэ, гъащІэм щытыкІэ гугъум иригъуэуащ. Ар ирагъэкІуэкІащ. Абы и щІыналъэ сабий куэд зыщІэс, адэ-анэ зыщхьэмытыж, унагъуэ хуэмыщІауэ учётым 357-рэ щыІэ. Ар ирагъэкІуэкІащ. Абы и щІыналъэ сабийхэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и нэІэ щІэту лажьэ «Радуга» сабий социально-реабилитационнэ центрым щыкІэполІэ зи узынщагъэм сэкъат иІэ щыкІуэхэм, сабийхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным и мызакъуэу, медицинэ и лъэныкъуэкІи щыдоІэпыкъу. Ильэсым кьриубыдэу абы Іуэхутхьэбзэ хуалэжь сабий 3700-м, абыхэм ящыщу 300-м яуэншагъэм дагъуэ иІэхэщ. Ауэ дызэрыт ильэсым лъэІуКІэ закъыхуэзыгъэзахэр мащІэ дыдэщ, Іэщагъэлэ Іхэм зэрыжаІэмкІэ, ар зи зэранкір коронавирус уз зэрыщІалэрщ. Нобэкіэ Іуэхутхьэбзэ зыхуащІар цыхуу 761-рщ. Іуэхущ Іапі эм дызыхуэкІуэ фокІадэ мазэм сабийхэр иригъэблагъэну зегъэхьэзыр, ауэ абыхэм я бжыгъэр инфекцэ щынагъуэм и зэранкІэ иужьрейуэ я гъуэуа хабзэхэм тету тІуКІэ нэхъ мащІэныр.

Зэхуэсым кьызэрыщыхъэщащмкІэ, ильэс ныкъуэ блэкІам психолог Іэщагъэлэ Іхэм я дзэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу кьудамэхэм екІуэлІащ цыхуу 4500-рэ. Абыхэм ящыщу 2684-м я ныбжьыр илъэс 18 иримыкъуахьм, 117-м я узынщагъэм сэкъат иІэщ. Апхуэдэу кьыхагъэщащ ди республикэм психологие и льэныкъуэкІэ жэщ-махуэ имыІэу лажьэ «дзыхь зрагъэзэ сабий телефоным» жьыхуІэм дзэпыкъуныгъэ зэрыщагъуэтыр. Мы ильэсым и яп Іыхьэм унагъуэм пхъашэу кьащыкъуащ, я ныбжьэгъуэхэмрэ езыхэмрэ я зэхуаку зэгурымыІуэныгъэ дзэпу абы къэпсэльащ сабий 255-рэ.

Гъащ Іэм щытыкІэ гугъум иригъэува, учётым щыт ныбжьыщІэхэр спортым дегъэхьэхыным ехьэлІауэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр утыку кьрихьащ КъБР-м спортымкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Хьэсанэ Ислъам. Абы кьыхигъэщащ цыхуу куэд зэхуэзышІысыну спорт зэхьэзэхуэхэр кьызэгъэпэщыныр, ахэр егъэкІуэкІыныр ищхьэкІэ зи гъуэгу тщІа Іуэхумкіэ Іэмальфіу зэрыщытыр, ауэ абы и сабэпыр зыхэпщІэн папщІэ системэ хэхам тету зэрегъэкІуэкІыпхъэр. Хьэсанэм кьызэхуэсахэм ягу кьигъэкІыжащ МВД-м ди республикэм щиІэ кьудамэм мэм илъэс блэкІам и бадзэуэгъуэ мазэм апхуэдэ сабийхэм папщІэ профильнэ сменэ кьызэригъэпэщу зэригъэлэжьар. «КьыдэкІуэтей щІэблэм спортыр кьыхех» фІэщыгъэм щІэт Іуэхум кьыхэша хъуа ныбжьыщІэхэм профилактикэ лэжьыгъэхэр зэрыдрагъэкІуэкІар.

МВД-м и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщыныр баличь мыхъуахэм я Іуэхуэмкіэ и кьудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ, полицэм и полковник Іэрэмысэ Аслъэн кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ ныбжьыщІхэм тутыным зыщадзеиным ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІ бэнэныгъэр, Іуэхум папщІэ ведомствэм зэдай рейдхэр щІэх-щІэхьыурэ зэрырагъэкІуэкІыр, гъащІэ узынщэ кьэзгъэщІэным ехьэлІауэ викторинэ, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрырагъэкІуэкІыр. Кьапщтэмэ, апхуэдэу зэхьэхьэху илъэсым и кІуэцІкІэ ди республикэм 400-м нэблагъэ кьащыщзэрагъэпэщащ. Апхуэдэу Іэрэмысэм кьигъэлъэгъуащ илъэс ныкъуэ блэкІам и кІуэцІкІэ МВД-м КъБР-м щиІэ кьудамэм Іуэху мыщхьэпэхэм теухуауэ хьыбару 79-рэ кьаззэрыІэрыхьар, абыхэм ящыщу 49-р теухуащ законым кьемызэгъэныр психикэр зэІызыгъэхьэ пкъыгъуэхэр зыхэлъ хьэпшыпхэр зезыхьэхэм, балигъ мыхъуауэ тутын ефэхэм.

ЗэІущІэм и кІэухыу кьызэхуэсахэм унагъуэхэм лей кьащыщытехьэ цыхубзхэм-рэ сабийхэмрэ дзэпыкъуныгъэ щагъуэтын хуэдэу кьыхагъэщащ республикэм центр щхьэхуэ кьащыщзэгъэпэщын зэрыхуейм, апхуэдэу тутыным, наркотикым кьыдэкІуэтей щІэблэр щыхьума хуэн папщІэ зэхьыхьэхэр, зэхуэсхэр нэхъыбэу зэрегъэкІуэкІыпхъэр.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● КІэщІ дыдэу

Іуэхум хэтахэр зэхагъэкІ

УФ-м и Следствэ комитетым и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэм уголовнэ Іуэху къиІэтащ Бахъсэн псы ежэхым химие зыхэлъ кІэрыхубжьэрыхуэр зэрыхакІутам теухуауэ.

2019 ГЪЭМ и мэлыжьхьым къыщыщІэдзауэ 2020 гъэм и щыщхьэуІу пщІондэ химие зыхэлъ кІэрыхубжьэрыхуэр псы фІейр зэрыкІуэ бжьамийхэмкІэ ирижъуэрэ Бахъсэныпс хэлъэдауэ къыщІагъэщащ.

«Бахъсэн водоканал» Іуэхущ Іапі эм иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм я Іуэхущ Іапі эм Бахъсэн къалэ округым и псыжапІэхэр зэрагъэкъабзэ ухуэныгъэхэм зэрекІуалІэр, абы и ныкъуэр Бахъсэн псы ежэхым зэрыхэльадэр. КъыззэрыщІэкІамкІэ, нэхъ и пэкІэ къутауэ щыта псыжапІэ кІэнауэм дежи щІэрыщІэу апхуэдэ дыдэ къыщатІащ икІи абыкІэ бжьамийм кьиж псы фІейр (мэ щхьэхуэ гуэрхэр иІэу) псы ежэхым хэхуэр.

Абы кьызэпеуд Урысейм и Псы кодексым къигъэувыр. Псым и зэхэлъыкІэр кьахута нэужь, кьыщІэщащ абы сульфат, фосфат, щІыдагъэ, жэз, нэгъуэщІ пкъыгъуэхэри мардэм фІэкІыу зэрыхэлъыр.

Следствэр управленэм и унафэщІым и дзэпыкъуэгъу нэхъыжь Багъ Мурат зэрыжиІэмкІэ, а Іуэхум хэтахэр зэхэгъэкІыным иужь ихьащ, «Бахъсэн водоканал»-м и унафэщІхэм я лэжьэкІэм хэпльэнущ.

Уи щхьэ закъуэ уи лъакъуитІмэ

Псэущхьэ хьэулейхэм зэрыкІэлъыплъыр къапщытэу лэжьыгъэ иригъэкІуэкІащ Іуащхьэмахуэ районым и прокуратурэм. КъызэрахутамкІэ, хьэ хьэулейуэ щІыпІэм 90-м хуэдиз щыІащ, арщхьакІэ ахэр къэзыуфыщу я нэІэ тезыгъэтын хуей Іуэхущ Іапі э щыІэкъым.

ЗЭМАН куэд хъуауэ район администрацэм аукцион иригъэкІуэкІаным а лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ муниципальнэ зэгурымІэгъэ зэращІыпІэну хуит ящІын хуэдэу.

Къэпщытэныгъэм къигъэльэгъуащ псэущхьэ хьэулейхэм зэракІэлъыплъыпхъэм теухуа пщэрылъхэр район администрацэм зэримыгъэзащІэр. Абы и Іэтащхьэм а щыщІэныгъэхэр зэригъэзэкІуэжыным теухуауэ Іуащхьэмахуэ районым и прокуратурэм тхыгъэ игъэхьэзыращ.

Полицэр зэрыщыуар

Аруан районым и прокуратурэм кІипщытащ гъэзугум шынагъуэншэу зэрыщызекІуэ хабзэхэр зэрагъэзащІэр. КъызэрыщІэкІамкІэ, Урысейм и МВД-м и ОГИБДД-м и «Аруан» хъудамэм хабзэм къемызэгъыу щатхащ бгырыпхъэ япщІыхэмкІыу транспортыр къызэрырахуэкІыр и щхьэусыгъуэу административнэ жэуапым зэрырашэлІа Іуэхуи 122-рэ.

РАЙОН прокуратурэр а унафэхэм арэзы тетхъуакъым икІи къару ямыІэжыну игъуващ. А Іуэхур зи Іэужь хъуа полицэм и кудамэм и унафэщІым нэхъыжьыгъэхэр игъэзэкІуэжыну кьыхуагъэпсалъэрэ щыІ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м екІуэкІа Текіуэныгъэм и парадым хэтахэу Къардэн Хьэбасрэ Яхэгуауэ Михаилрэ.
Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ. 1985 гъэ*

Гъащ Іэм щытыкІэ гугъум иригъэува сабийхэм дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтын папщІэ

Иджыблагъэ дэ дыщыІащ Къущхьэхъум и Къуэштэн щІыпІэм щыІэ хэщІапІэмрэ абы къэгъэщІыпІа Іэбгъэ зыбжанэмрэ. Іэхэлъахэ тельыджэм дынэзыщэсар республикэм и гъэмахуэ хъупІэхэм щыІэ штабхэм я унафэщІ, КъБР-м ветеринар медицинэмкІэ и центрым и тхьэмадэм и къуэдзэ Иван Аскэрбийщ. Абдежым дэ дащыІущІащ «ТаиК» ООО-м (Зеикъуэ къуажэ) и унафэщІ Тенджыз Замиррэ абы кьыхэдэлажьэхэмрэ.

ЖЬЫУЭ зыкъэдужьу Налшык дыкъыдэкІаи, мы щІыпІэм дыкъыщысар пщэдджыжьым сыхьэти 10-р арати, Іэщхэми, мэлхэми, абыхэм якІэльаныпІэ цІыхухэмэ я зэрызехьэгъуэт. Дыздыіуьар «ТаиК»-м и пщІыІэ нэхъыщІхэрати, дыкъызэрыщІыуІам гу зэрылъатэу, бысымкэр гуфІэжу къыпежащ. ФІэхъус зэхыным кьыдэкІуэу, дыщІэкІуар щажетІэм, Іуэрыдауэ гъэщІэгъуэн хъыщІэІуКІыу Іэхэлъахэм ит уэхуэныгъэ нэхъ иным, «зыщІэфпІъхьынымэ, фыкъеблагъэ!» жьыхуаІэ щІыкІэу, дыщІашащ.

КъызэрыщІэкІымкІэ, ар щэщІэху завод цІыкІущ. Гу яльыдотэ абы щІэт Іэмэпсымэхэм я зэхуакум Іэпсынщ Іэ-лъэпсынщ Іэу зыщызыгъазэ бзылъхугъэ нэжэгужитІым.

- Мыр Къармэхьэблэ дэс Бетыгъуэнхэ ящыщ, и цІэр Хьэлимэтщ, илъэси 7-м щІигъуэу ди гъусэу мэлажьэ. Мыдрейр Щомахуэхэ Ларисэщ, нэгъабэ пьандэрэ тщІыгъуащ, Зеикъуэ щыщщ, - дызрихьэлІахэр дегъэцІыху пщыІэм и пашэ Тенджыз Замир.

- Къармэхьэблэ нэс дауэ укъикІрэ? - соупщІ сэ Хьэлимэт, фІэхъус зэхьныр зэфІэдгъэкІа иужькІэ.

- Ди щыІэгъуэм махуэ бжыгъэкІэ дытесщ, ехьыжьгъуэм дыздрашэхьыж, - и жэуапыр хьэзырт сызэупщІам.

- Завод цІыкІум сыт и лэжьэкІэ? - зыхудоГъазэ Замир.

- ЖыпІэнур арамэ, и хьэлэныр махуэ къэс егъэзащІэ. Жэмэхэм къащІэштар мыбдежым щыщІадохуж. Шатэ, къъуей щыхьдох.

Абдежым ди псалъэмакъым кьыхохьэ а щІыпІэм дынэзыщэса Иуан Аскэрбий.

- Республикэм и гъэмахуэ хъупІэхэм, зэрыщыту къэтщэнщи, шэ заводу итыжыр мы закъуэращ, - кьыхегъэщ абы.

- И лэжьыгъэм зэрыпащэкрэ куэд щІа?

- Зэрырагъэжьэжрэ илъэсипщІ хъуагъэнщи, а зэманым кьриубыдэу зэи къэмыувыІауэ мэлажьэ, - кьыпещэ и псалъэм Тенджызым.

- Зэрыщыту къэтщтэнщи, Іэщым, абы щыщу жэм къашу фиІэм, я гугъу кьэтхуэщІыт, Замир.

- Я бжыгъэр, псори зэхэту, 300-м щІегъу. ШэкІэщІэу 80-м нэблагъэ диІэщи, кьащІэштым и нэхъыбэр абыхэм ирыдогъэфыж. Къэнам мыбдежым кхъуей щыхьдох. шатэ щыщІыдоху. Жэм къашым я бжыгъэм зэпымыууэ зыдогъэхъуэж: гъужьакэр хыдогъэкІ, жэмыщІэхэр къахьдошэ.

- Танэхэр дэнэ дэж щыфІыгъыр?

- Шэи емыфэжу, я жэжьгъуэми нэмысауэ 100-м нэблагъэ диІэщи, апхуэдэхэр Хьэкхъуафэ щыдиІэ Іэбгъэм щхьэхуэу щытІыгъщ. Зэман дэкІрэ нэхъ ин хъумэ, аэр мыбыкІэ къэтхунурэ, мыдрей жэмхэм гъусэ яхуэтщІынущ, - кьыддогушэ дызэреупщІам и жэуапу Замир.

- Мы дызэрыт бгы зэхуаку кэрмэ абдежым щывиІэ Іэбгъэмрэ сыт я зэпэжьжьагъ? ЗэрызэлъэвгъэІэсри дапхуэдэу?

- Километр 13 хуэдизи я зэхуакуци, машинэкІи дыщызэкІэпокІуэ, щуи дызэлъэІэс. Абдежми цІыхухэ тесщ. Абыхэм нэмыщІ, а щІыпІэм ди щыхъуэхэри щІыпІэщ, щІалитху хъууэ.

- Хьэкхъуафэ Іэщрэ мэлу нэгъуэщІхэм ейхэри ит?

- Прохладнэ районым ныхьэ Заречнэ кьуажэм мэл гъэхъуным пыщІауэ щыІэ совхозым и Іэбгъэри, Былым, Жанхъуэтекъуэ къуажэхэм щыщ щІалэхэм я пщыІэхэри щыщыІэщ.

- Замир, вгъэлажьэ псоми я гугъу дымыщІми, фи жэмышхэм улахуэу сыт кьъахьэр?

- Мазэм кьриубыдэу мы щІыпІэм зэрыщыІэ махуэ 14-м хуэзэу сом мин 16-м нэблагъэ ядот. Абы кьыщынэмыщІауэ, пщІэншэу махуэм щэнейрэ догъашхэ. Щхьэкхъэ идошэхьж. Дэ езым кьызэрыдыжьхьыр хэмыту, Іуэхущ Іапі эм «Нива» автомашинэу тІу диІэщи, зыр Іэщым пэрытхэм яІыгъщ, адрейр шы зезыхуэхэм я Іэмыщ Іэ ильщ.

Къуэштэн дыщхьэщыхьэу, Къэхкъуафащхьэ дынэсыну дызэрыхуейр ящетІуэкІым, дызэпсалъэхэм зыкъызэщІакъуэри, автомашинитІкІэ дыдашащ дызыкъуэплъэджафэ нэкІухэм адэкІэ щыІэ щІыпІэ нэхъ зэпымыІухам. Телъыджэу абдежым щытлъэгъуахэри, Тхьэм жиІэрэ дыхунэсмэ, иужькІэ ныфхэуІтІэтэжынщ.

Тхыгъэри сурэтхэри **КЪУМАХУЭ Аслъэн ейщ.**

● Гъэмахуэ хъупІэхэм

Завод цІыкІур зыгъэлажьэхэр

Зэлэжьахэмрэ гугъуехьхэмрэ

КъБР-м и Архив Іуэхущ Іапі эм иджыблагъэ щыхэплъэжащ 2020 гъэм и яп мазихьм эфІагъэкІахэм, апхуэдэуи кьалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжхэр кьагъэлъэгъуащ. Видеоконференц мардэм иту екІуэкІа зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, абы и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м и Архив Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Щоджэн Щыхьым.

МЫ ЗЭМАНЫМ республикэм и архив Іэнатіэм и фондыр 2729-рэ мэхъу. Абы щахъумэ дэфтэр 600642-рэ, мин 60-м щІигъур - сурэту. Республикэм и архив фондым зэманкІэрэ хэгъэхъуэныр лэжьыгъэ нэхъыщхьэу егъэув Іуэхущ Іапі эм. Апхуэдэ Іуэхукіэ ар долажьэ Іуэхущ Іапі и 181-м.

Илъэс къэс лэжьакІуэхэм хъапщытэж яхъумэ дэфтэрхэм я щытыкІэр, кьищыкнэмыщІауэ, къыхагъэщхьэхукІ зэманым темыхуауэ зэпымыууэ яхъумэн хуей дэфтэрхэр. 2020 гъэм и яп илъэс ныкъуэм республикэм и архив Іуэхущ Іапі эм унэтІыныгъэ псори кьапщтэмэ ихъумэну дэфтэр 1501-рэ кьыІэрыхьащ. ІэщагъэлІхэм зэрагъэзэхуэжащ дэфтэр напэкІуэцІ мин 23-м нэблагъэ, хьэрфхэр хыумылъагъуКІыж хъуа тхылъымпІэу - 1087-рэ.

Тхыдэр кьызыхэщыж дэфтэрхэм хэпльэну хуейхэм гулъытэ хэха хуащІ архивым и лэжьакІуэхэм. Зи гугъу тщІы пІалъэм кьриубыдэу Іуэхущ Іапі эм Интернетым щиІэ сайтымрэ республикэм и кьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмрэ тхыгъэ 45-рэ кьытрырагъэдзащ, гъэлъэгъуэныгъащ кьызэрагъэпэщащ, ныбжьыщІхэм папщІэ экскурсиеу тІу ирагъэкІуэкІащ.

ЗэрытщІэщи, мы гъэм Урысейм егъэлъапІэ Хэку зауэшхэм Текіуэныгъэ кьызэрыщытхьрэ илъэс 75-рэ зэрырикъур. А Іуэхугъуэшхэр зыІэтахэм яхэтащ адрей щІалэгъуэхэр. Апхуэдэу ахэр хэтащ «Без срока давности: трагедия в годы Великой Отечественной войны 1941-1945 годов» урысейпсо Іуэхум. Республикэм и Архив Іуэхущ Іапі эм игъэхьэзыращ Хэку зауэшхуэм и зэманым нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щаукІа гуащІэрыпсэухэм ятеухуауэ сурэтрэ дэфтэру зэхэт гъэлъэгъуэныгъэр. КъищынэмыщІауэ, Текіуэныгъэ Иным и щІыхькІэ республикэм и Архив Іуэхущ Іапі эм КъБР-м и Правительствэм кьыщыщзэрагъэпэщауэ щытащ «Тщыгъупщакъым, сропагэ» зыфІаща гъэлъэгъуэныгъэр.

Иджыпсту Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэхэр йолэжь ильэс къэс ягъэхьэзыр «Дэфтэрхэр я щыхьэтщ» циклым хыхьэ тхылъым. Ар дызэрыт ильэсым и кІэм кьыдагъэкІыну я мурадщ.

Гулъытэ щхьэхуэ зыхуащІхэм ящыщщ дэфтэрхэр электрон жьыпхъэм ирагъэувэныр. Ильэс ныкъуэм кьриубыдэу апхуэдэ дэфтэр 1278-м Іуэхущ Іапі эм елэжьащ, тхылъымпІэ мин 40-м щІигъу кьызэщІаубыдэу. Апхуэдэ Іэмалым и фІыгъэкІэ тхылъымпІэхэр нэхъ хуэмэ хьунущ.

КъБР-м и Архив Іуэхущ Іапі эр зыхэт гугъуехьхэм кьыщыгъуеувІэм ары и унафэщІ Щоджэн Щыхьым кьыхигъэщащ хъумапІэхэр кьаззэремащІэкІыр, абыхэм я процент 99,9-р кьызэрагъэсэбэнар. Абы икІи игъэ идыжьрей мардэхэм тету Іуэхущ Іапі эр ухуэныкъуэщ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іыр арэзы тетхъуащ республикэм и Архив Іуэхущ Іапі эм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм. Мусуковым кьыхигъэщащ Іэнатіэр техникэ и лъэныкъуэкІи егъэфІэкІуэныр игъуэ зэрыхъуар, апхуэдэ гугъуехьхэм я хэкІпІэм зэгъуэсу зэрегупсысыпхъэр. Іуэхущ Іапі эм унэщІэ хуэщІын хуейуэ кьыхалъхьа жэрдэмым Правительствэр мыгувэу хэплъэну кьигъэгугъащ.

ХЬЭЛЫШХ Аннэ.

● Бахъсэн щІыналъэ

Гъавэр кърахьэлІэж

Мы илъэсым Бахъсэн районым жылэ зэмылІэужьыгъуэхэр щытрасащ щІы гектар мин 32-м щІигъум. ЩІыналъэ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ, ерыскъыхэкІэжэр щы Іуэхуэмкіэ и управленэм хъыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, бжьыхьэсэ гуэдзыр кьанэ щымыІэу Іуахыжащ, псори зэхэту тонн мини 8-м нэблагъэ кьытрахащ, гектар къэс гъавэу центнер 42-рэ кьитащ. Гъатхэпэ гуэдзу тонни 189-рэ зэщІакъуэжащ, зы гектарым центнер 41-рэ кьытрахуну. Бжьыхьэсэ хьэуэ тонн 1083-рэ, гъатхэпэ хьэуэ тонн 1624-рэ зэщІакъуэжащ, гектарым центнер 35-рэ кьиту. Джэш щхъуантІэу тонн 1680-рэ Іуахыжащ.

Гектар 20 кьызэщІэзыубыдэ хуабэщхэм щагъэкІа помидорхэр иджыри кьрахьэлІэж. Абы бэвагъыу кьитыр зы гектарым хуэзэу центнер 350-рэ мэхъу.

Къуажэхэм щызэхэт мэкъумэш хозяйствэхэм Іэщхэм ирагъэшхыну кьэкІыгъэхэр мы махуэхэм щагъэтІылъ, Кременчуг-Константиновскэ къуажэм и «Зелёная компания» ООО-м гектар 835-м щыхуа «Роялти» нартыху лІэужьыгъуэхэр щы-Іуахыж.

ЧЫЛАР Аринэ.

● Лъэпкъ тхыдэ

Къэбэрдей Хасэм унафэ къыщащтэ.
Сурэтыр **Сэвкіуий Хьэмид** *ищІащ.*

Адыгэ Хасэм и гъэзэгуанэ кІыхьыр

Адыгэ гупсысэкІэм «хасэ» псалъэр нэхъыбэу зрипхыр нарт лъэхъэнэрщ. А зэман жыжьэм щегъэжьауэ, лъэпкъым нэхъ лІы Іущу исхэр щыІэхуашэсу, ЦІыхубэм яхуэщъэпэну унафэ лъагэхэр къыщащтэ зэхуэсхэм я гугъу щащІым деж, а псалъэр къагъэсэбэп.

ЛІэщІыгъуэ бжыгъэкІэ зэтеува къудей мыхъуу, зэманым къыздихь къалэнхэмрэ Іэмалхэмрэ ельытауэ Іэджэрэ зызыхъуэжа а унафэ щІапІэм тхыдэм и кІыхьагъкІэ игъэзэщІа пщэрылъым урипльэжьныр гъэщІэгъуэн къудейкъым, ущие куэди хэльщ. Ди мурадым дылъэІэсын папщІэ, щІэгъэкъуэн къытхуохъу тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор Къэжэр Валерэ и Іэдакъэщіэкіыу 1992 гъэм Налшык къыщыдэкІаеу щыта «Адыгэ Хасэ» тхылъ цІыкІур.

Адыгэ Хасэ - къудамищу зэхэт парламент

Нобэрей дуней утыкум къэралыгъуэ яухуауэ ит лъэпкъэм апхуэдэ Іэмал къезытыр тетыгъуэ - хэгъэгум щызекІуэ унафэхэр цІыхубэм ялъэзыгъэІэс политикэ Іэмэпсымэ - зэраІэрщ. Дунейпсо терминхэм ящыщу а мыхьэнэр нэхъ къызэщІэзыубыдэ псалъэр «парламент» жыхуаІэрщ, езыхэм я бзэм къыхахауэ къэрал къэс фІэщыгъэ щхьэхуэ къыщагъэщхьэпи къохьу. Псалъэм папщІэ, Германием - Бундестаг, Украинэм - Радэ, Урысейм - Думэ, кІинэмыщІхэр. Унафэ нэхъыщхьэр зыІэщІэлъ президентым укъыфІэкІмэ, щІыналъэм щыпсэу цІыхубэм я псэукІэр ирагъэфІэкІуэнкІэ щыгугъэу, дзыхь зыхуащІ, хэхыныгъэкІэ къыхагъэщхьэхуКІ лІыщъхэхэр щызэхуашэс а политикэ ухуэныгъэрщ къэралыр къэрал зыщІыжыр. Аращ цІыхубэр зыгъэтынышпхъэ хабзэщІэхэр къыщыдгъэкІри, ахэр гъащІэм хэпща зэрыхъуну Іэмалхэр къыщагъуэтыфри. Апхуэдэ политикэ Іэмэпсымэ иІащ «Шэрджэсей» цІэр зэрихьэу илъэс щитІ хэдиз ипэкІэ Кавказ Ищхьэрэм ита хэгъэгум. Адыгэхэм я парламентым зэреджэу щытар Хасэщ.

«Хасэ» псалъэм и мыхьэнэр нэсу къызэщІауБыдэм мурадым елэжьа тхыдэджхэм я лэжьыгъэхэр, хэкум къихьэну къызыхуихуа дзэзешхэмрэ зыплъыхьакІуэхэмрэ яІуэтэжахэр зэпилъыта нэужь, ищхьэкІэ зи гугъу щытщІа Къэжэр Валерэ щэч къытримыхьэжу жеІэ Адыгэ Хасэм къикІуа гъэзугуанэр ноби Іэху зэфІэхыкІэ ІэзагъкІэ узыдэпльеиж хъуну Іэхуущапіэу зэрыщытар.

Тхыдэм и кІыхьагъкІэ Адыгэ Хасэм и къалэныр езым и гукъыдэжкІэ зэи зэримыгъэтІыльэм, абы къыщащта унафэхэр цІыхубэ гъащІэм щыщ зэрыхъуам, Хасэм хэтынухэр зэрыхахыу щыта щІыкІэм тэмакъкІыхьу ущрипльэжкІэ, уи фІэщ мэхъу адыгэ парламентым и лэжьэкІэр нобэ уей-уей жезыгъэІэу дунейр зыгъэздэкІыздж къэралыгъуэшхуэхэм я хэгъэгу зехьэкІэм емыфІэкІамэ, абыхэм къакІэрыхуу зэрыщымытар. Псом хуэмыдэу, а гупсысэр наІуэ пщещІ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхыдэм, сыту жыпІэмэ, Къэбэрдей Шэрджэсеим и Іыхьэ нэхъ лъэрызехьэ къудейтэкъым, ар Кавказым ит хэгъэгухэм я нэхъ лъэщт.

«Хасэмрэ пщы-уэркъхэм я лъэхъэнэм зэфІэува Шэрджэсеймрэ я тхыдэр джыныр ди къалэнхэм я нэхъ лъэпІэщ», - кІыгригъаззуэрэ щытрегъэчыныхь Къэжэр Валерэ и тхылъым. Адыгэ хэгъэгу псоми я тхыдэм ирипльэ пэтми, Къэбэрдейр щапхъэ нэхъ Іэгъуэгу къыгъэсэбэнрэ, щІэныгъэлІэр гупсысэ пэжым тоІэбэ: Хасэр фІэкІуэда нэужьщ лъэпкъым и хуитыныгъэр щыфІэкІуэдар. Абы кьеГъэлъагъуэ Хасэм хуэфэщэн къару егъэгъэтыжын плъэпІэр езы лъэпкъым хуитыныгъэ игъэтыжын хъуэпсапІэм быдэу зэрепхар.

ГъэщІэгъуэнщ Хасэм зэманым ельытауэ зэрызихъуэжа щыкІэм урипльэну. Абы гугъэзагъэу топсэльыхь тхыдэдж щІрыІуэ Нало Евгение: «Адыгэ Хасэр цІыхубэр лІакъуэкІэ зэрымыгъэгуэш щыкІэ лъэпкъ зэхуэс мыхьэнэ иІэу зэфІэуваш. Иужькіэ, пщыхэмрэ уэркъхэмрэ къахэщІыхькІэ нэужь, дэтхэнэ лІакъуэри езым и Хасэ иІэжу щхьэхуэу зэхуэсырт. Лъэхъэнэр мамырмэ, Хасэшхуэр зэрыхъур къудамитІ кьудейт: пщыхэмрэ уэркъхэмрэ. Ауэ зауэ зэманым абы и лэжьэкІэм зихъуэжырти, ещанэ къудамэу мэкъумэшыщІэхэмрэ цІыху щхьэхуитхэмрэ къахьихьэрт».

Нарт Хасэмрэ пщы-уэркъ Хасэмрэ зэрызэщхьэщыкІыр

Адыгэ Хасэр зыхуэдар уи нэгум къыщІэбгъэхьэжыну ущыхуежьэкІэ, нэхъ укъэзыгъэуІэбжьуи, удэзыхьэхыуи, зи жэуапыр кьэбгъэутыным урихуІэуи къэуэ упщІэхэм ящщ абы и цІэр, нэгъуэщІу жыпІэмэ, лъэпкъым тетыгъуэ зэриІэр къызэригъэнаІуэ зэхуэсыщхуэм «хасэкІэ» зэреджэр зэхъуэкІыныгъэ имыгъуэту лІэщІыгъуэ бжыгъэм къызэрыпхихьыфар. Къэралыгъуэ ІэзхуэзехьэпІэ зыфІэпщыфыну пщы-уэркъ Хасэм ущрихьэлІэр Шэрджэсейр е Къэбэрдейр дунейпсо утыку зэрихьам теухуа дэфтэрхэрщ. Ауэ щыхъукІэ, Сосрыкъуэ санэхуафэ здаша, Нэсрэн Жьакіэ зи ганТІэм дэса зэхуэсми зэреджэр Хасэт.

«Сыт а тІум зэхуаІуэхур?» - кьеГъэкІнехьэкІ хэмылъу егъэув упщІэр Къэжэр Валерэ. ЩІэныгъэлІым къызэрыфІэщІымкІэ, Хасэм теухуауэ зыгуэр къыздэзыгъащІэу кьутфІэщІ Іуэрыіуатэ тхылъхэм дзыхьышхуэ яхуэпщІ хъункъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, адыгэхэр къэралыгъуэ щхьэхуиту зэрыщытар цІыху цІыкІум, псом хуэмыдэу езы лъэпкъым щыщхэм, щагъэгъупщэжын мурадым къару мымащІэ телэжьащ.

Сыт хуэдэ щІыкІэкІэ лъэпкъым ищІэр зэрыщыбгъэгъупщэжыфынур? Япэрауэ, тепсэльыхьыпІэ иумытурэ. ИтІанэ - и нэкІэ илъэгъуам, гукІи ищІэжьым и нэгум ущытеІэзэщыкхьыжурэ, абы мыхьэнэ иІар нэгъуэщІ зыгуэр хуэдэу жеІэнэрэ. Ещанэу - пэжыжьэ тету зэбгъэпцІа пщІыр къытебгъаззм-къытебгъаззуэрэ зэрызэкебгъэхым нэмыщІ, езым нэгъуэщІ жиІэнэр хуумыдэурэ. ЩІэныгъэлІым къызэрилъытэмкІэ, Адыгэ Хасэр зэрыщыта дыдэр лъэпкъым ІэщІагъэхужьын унафэм а къару псори щызэдэлэжьащ.

Нарт лъэхъэнэм щыІа хасэхэм къэралыгъуэ Іуэху зэрызэрамыхуари, ар политикэм, хэгъэгу хуитыныгъэр хъумэн Іуэхум зэрыпхуемыпхынури апхуэдизкІэ гурыІуэгъэри, къудрэ къытебгъаззу утепсэльыхькІэ цІыхубэр абыкІэ пхуэгъэщхьэрыуэнэтхъым. А лъэныкъуэмкІэ укъеплъмэ, Нарт Хасэр зыкІи къыщхьэщыкІыу къыпфІэщІыркъым нобэ гуфІэгъуэ тхьапъэу жьыхуаІэу ефэ-ешхэ щрагъэкІуэкІ зэІущІэхэм. Зззэуэнрэ текІуахэр яГъэфІэжьынрэ фІэкІа хабзэ зыхэмылъа лъэпкъыщ «хьэщхьэрыІуэу», «лъэпкъ мыгъасэу» щытауэ езым и фІэщ пщыжьныи «цивилизацэ» къыхуахьыу езыхэр мэзым щІэсауэ кьафІэбгъэщІыни гуГу хъунутэкъым, Іэпкълъэпкъ къарукІэ зэрызэпеуэмрэ фадэр зэрахузхь лъэкІынигъэмрэ фІэкІа къызыхэмыщ нарт хъыбарыхъэм фІэкІа къахуумыгъанэмэ.

«Адыгэ Хасэм и пщэ дэлъа кьалэнымрэ ар игъэзэщІэн папщІэ къиГъуэтыфу щыта хэкІыпІэхэмрэ гурыІуэгъуэ хъун папщІэ, Іуэрыіуатэм и заКъуэ тегъэщІапІэу урикъукъым», - жеІэ Къэжэр Валерэ. - Сыту жыпІэмэ, нарт хъыбархэм Хасэр къызэрыхэувэр нэхъыжь е лъэпкъ зэхуэсыпІэ къудейуэщ. Адыгэ Хасэр зищІыс дыдэр джа хъун папщІэ, гулъытэ нэхъыбэ хуэфащэщ Къэбэрдейм XVI-XVIII лІэщІыгъэхэм щекІуэкІыу щыта пщыуэркъ зэхуэсхэмрэ зэІущІэхэмрэ. Урысыбзэкіэ «феодально хасэ» жыхуаІэ а зэгугъэныгъэхэрт лъэпкъым къыпхъщыпІ кьалэнхэр щаубзыхури ахэр гъэзэщІа зэрыхъуным теухуа унафэхэр къыщащтэри.

Хасэр нэхъыжь уэрщэрыпІэ къудейуэ кьыпщыхъуныр щыуагъэ дыдэу зэрыщытыр щІэныгъэлІым емышу къытригъаззуэрэ жеІэ. Ар лъэпкъым и блэкІар щагъэгъупщэжын папщІэ пхагъэкІа тхыдэ пхэнжьым кьыуит хуэгъэфащэныгъэщ, Адыгэ Хасэр зищІыс дыдэр къыщыбгрыІуэнур пщы-уэркъ хасэхэм я Іуэху зэфІэхыкІэм щыгъуазэ зыпщІмэщ. Абыхэм я лэжьэкІэм кьегъэльэгъуэж адыгэ тхьэмадэхэм я унафэр хэгъэгу кІэуцІым щызекІуэу зэрыщытари, абыхэм я псалъэм къарууэ щІэльари, апхуэдизыпщ зэрыс хэкум зэгурыІуэныгъэр къыщымытІасхъэу хамэ щІынальэхэм зыпащІэфу, ядекІуэкІыфу зэрыпсэуари. Апхуэдэ хэку зехьэкІэ нэгъэса зиІа Іуэпкъыр «зыужьныгъэм хухэейуи», «кІыкІэрыхуаи», «КІыфІыгъэм хэтуи» зыми и фІэщ пхуэщІыжьынтэкъым. Аращ зэрыпхъуакІуэм Хасэм и тхыдэ пэжыр игъэкІуэдыжьыным къаруушхуэ щІрихьэлІар.

Адыгэхэр езыхэм я кІарукІэ псэужьфу щытауэ жыпІэнкІэ къаралыгъуэм имыдэн Іуэху ельытыкІэт а зэманым. Абы кІыхьжьКІыу, Іуэрыіуатэмэ къыхахар езыхэр я мурадым тезыгъэІэбэн щыхьэтхэрт. НэгъуэщІ щхьэусыгъуэ хуэбгъуэтыркъым, псалъэм папщІэ, 1936 гъэм къыдэкІа «Къэбэрдей Іуэрыіуатэ» («Кабардинский фольклор») тхылъым адыгэхэм XVIII лІэщІыгъуэм и кІэм - XIX и пэм я щхьэ яхъумэжьын папщІэ ирагъэкІуэкІа бэнэныгъэм теухуа хъыбари уэрэдыжьи узэрыщримыхьэлІэм. Ахэр Іуэху ящІу хамыщыпыкІамэ, а зэманым щыІа хасэхэм я лэжьэкІэрэ зыщІыпІэ деж къыщыхэщынут.

Дауэ хъуами, лъэпкъым и тхыдэм «гъуанэ» гуэр къыщыцынэхуащ, адрей лъэпкъхэм я деж щызекІуа щапхъэхэмкІэ зэрыхэуейуэ якудауэ. Абы кьыхэкІыу, Хасэм и мыхьэнэр нарт лъэхъэнэм къаубла «цІыхубэ зэхуэс» жыхуаІэм хуагъакІуэри ежьэжащ. Я мурадыр адыгэхэм я хэку зехьэкІэр мыхьэнэншэу къагъэлъэгъуэныри - кьехъуІлащ.

Ар зэрыпщІыр къыщІэзыгъэщ щапхъэу урикъунщ лъэпкъым и лъабжьэр зыгъэтІылъауэ къальытэ пщы Инал щэджащэр, къэбэрдеипщэмэ бесльэнеипщэмэ я адэжьыр, пщы уэлий уэ щыхахар Хасэрауэ зэрыщытыр, абы и щыхьэтхэр Іуэрыіуатэмэ кьыхуоф.

Иджыпсту адыгэ тхыдэм тепсэльныхь гуэрхэм лъэпкъым игъащІэм зэгурыІуэныгъэ яхэмылъауэ, зи акъыл зэтемыхуэхэм асыхьэтым зыззэраупсейрэ зэрыкІыкІыж зэпІыту щІэта хуэдэу зэхуэгуагъэх. Адыгэ хасэжьхэм я лэжьэкІэр абы щыхьэт техъуэркъым. Зы пщы гупым Урысейм и лъэныкъуэр, адрейхэм - Къырымым и лъэныкъуэр яІыгъыу, Къэбэрдейм зэман кІыхькІэ Къэщхьэтауэхэмрэ Бахъсэнэхэмрэ жаІэу, пщы гупитІ щызэдэпсэуащ. ИтІани, лъэпкъпсо Іуэху къыщыдахкІэ, лъэныкъуитІыр зэхуэзэрти зэдэлажьэрт.

Ди лъэхъэнэм ипэкІэ щыІа пасэрей Нарт Хасэмрэ лІэщІыгъуэ курытхэм, XVI-XIX лІэщІыгъуэхэм, зэфІэува пщыуэркъ Хасэмрэ зэдгъэпщэную зэдгъэщхьыныи Іэмал къыдэзытыр тІуми дащытепсэльыхькІэ «хасэ» псалъэр къызэрыдгъэсэбэпырщ. Ауэ сыт хуэдизу хэгъэзыхьауэ нарт хъыбархэм дримыплъэжми, дэ абыхэм жыжьэрэ гъунэгъуу къыщыдгъуэтыфыну къыщІэкІынкъым пщы-уэркъ Хасэм хэльа къаурмрэ зэгъэзахуэмрэ. Абы и щхьэусыгъуэнкІи хъунур, зэрыжьитІауэ, апхуэдэ щапхъэхэр щыІэпауэ щытми, ахэр цІыхубэм щагъэгъупщэжыныр мурад укъуэдиГуэ зэрыщытарщ. ЕтІуанэ щхьэусыгъуэр - а зэфІэдгъэувэжыну дыдыхуэжьа тхыдэм щыІэхэт хуэтІыбэм дызыхужьажь урыс дэфтэрхэр зэрыпхъуакІуэм, фЫ игу имыльу адыгэ лъэпкъыр зэрызэхэтым щыгъуазэ зищІыну яужь ихьа цІыхухэм я Іэдакъэщіэкіыу зэрыщытырщ. Псалъэм папщІэ, куэдрэ зи цІэ урихьэлІэ Потёмкин Павел Кавказыр урыс Іэщэм и унафэм щигъэувэныр зи пщэрылъу къаутІыпща дзэпщт. «Абы пцІы иупсынутэкъым» зыхужьиІофым дэтхэнэ урыс тхыдэтхмэ ди Іэзэр имышІэу, езыхэм жыІэщІэ яхуэхъуахэм жраІэм тещІыхьауэ псори къаззэрыгуриуэм ищІыужкІэ, езыхэр зэдаІуэр пащтыхьырт. Нобэ абыхэм ятхам кьеджэжь дэри ди щІэныгъэбзэр зэрыпхъуакІуэм и бзэу зэрыщытым ди зэхэщІыкІым и кьарур фЫыру щІех. Кьанэр сыт? Адыгэ щІэныгъэлІхэм дзыхь яхуэтщІу, абыхэм жаІэм ялкъ иткІэ, Хасэр зэрыщытар хуэгъэфащэ зэщІэу къызэфІащІыныбрщ. Ауэ а Іуэхури узэмыплъэкІыжу узыгъэгушхуэхэм ящыщкъым. ЩІэныгъэлІхэр зэрытхэр зэрыурысыбзэм укъыфІэкІмэ, ахэри я гур утІыпщауэ хуиту псалъэркъым. Кьытхуэнэр щыІэр зэхуэтхьэсыжу ди Іэмал, ди акъыл къыззэрихькІэ Іуэхур зыгурыдгъэІуэныщ.

Пэж ящІыну зыхуежьа пцІым кьару игъуэтын папщІэ, зыхуейр зэрыпхъуакІуэм и бзэу зэрыщытым ди зэхэщІыкІым и кьарур фЫыру щІех. Кьанэр сыт? Адыгэ щІэныгъэлІхэр зэрытхэр зэрыурысыбзэм укъыфІэкІмэ, ахэри я гур утІыпщауэ хуиту псалъэркъым. Кьытхуэнэр щыІэр зэхуэтхьэсыжу ди Іэмал, ди акъыл къыззэрихькІэ Іуэхур зыгурыдгъэІуэныщ.

Пэж ящІыну зыхуежьа пцІым кьару игъуэтын папщІэ, зыхуейр зэрыпхъакІуэм Іэмал зиІэ ягъуэтын хуэдэу, Нарт Хасэмрэ пщы-уэркъ (феодальнэ) Хасэмрэ зэтехуэу зыгуэр яхэлъын хуейт. Сыт ар?

Ялэрауэ, Нарт Хасэр пщы-уэркъ Хасэри щхьэж зыхиубыда зэманым хуэфащэ политикэ Іэмэпсымэт, лъэпкъыр зезыГакІуэ тетыгъуэм ищІ унафэхэр щаубзыхьэр ар зэрыпхъакІуэкІ ну щІыкІэм щытепсэльыхьу. *ЕтІуанэрауэ,* Нарт Хасэми пщы-уэркъ Хасэми и тхьэмадэхэр псэуху тетыну хахырт: Нэсрэн-ЖьакІэ - нартхэм, пщы-тхьэмадэр - феодальнэ Хасэм.

Адыгэбзэм «хасэ» псалъэм нэмыщІи «зэІущІэ, зэхуэс, чэнджэщ» хуэдэ псалъэхэу цІыху бжьыгъэшхуэ зэрызэхуэзар къэзыгъэпъэгъуэ куэд хэтщ. А мыхьэнэ дыдэрщ яІэр Хасэм и лэжьэкІэм тепсэльыхьрей, лыхь (Польшэ щылъху) зыплъыхьакІуэ Потоцкий Ян «пэкІу» зыфІищащ зэхуэсхэм. Къэжэр Валерэ гу зэрыльитауэ, «Хасэм и зэІущІэ», «Хасэм и зэхуэс», «Хасэ пэкІу» жыпІэ щыхьэкІэ, пасэрей щІэныгъэлІхэр, дунеяплъэхэр, урыс дзэзешэхэр зытепсэльыхь зэІущІэхуэхэм я нэхъыбэр Хасэу зэрыщытам шэчышхуэ къытучыхьэну хъунущ. Ар зы епльыкІэщ.

Мыдрей епльыкІэм ипкъ иткІэ, дэтхэнэ зэІущІэми Хасэкіэ уеджэну хуит укъэзымыщІ щхьэусыгъуэщ лъэпкъыр зэхуэсыху, ар парламент зэхуэс защІэу зэрыщымытар. Абы кьыхэкІыу, «зэІущІэ, зэхуэс, пэкІу» псалъэхэр Хасэм теухуауэ къзбгъэщхьэпэ хъуми, езы Хасэм и закъуэ утыку къыщыхьэм дежщ абы къаралыгъуэ унафэ щІыпІэм кьытехуэ мыхьэнэ щихьыр, ар лъэпкъым и парламенту къэплъытэн Іэмал къущитыр.

Адыгэ Хасэр зищІысыр сыт?

Адыгэ Хасэр зищІысыр этнографиеи (лъэпкъхэр зыдж щІэныгъэм) яІэ дыдэ кьыхэзыхьар урыс дзэзешэ Потёмкин Павелщ. Абы и гукъэкІыжхэм кьыхощ «зэІущІэхуэ», «чэнджэщІшхуэ» жыхуиІэ зэхуэсхэр зэрылажьэу щыта щІыкІэр. Ахэр гупищу зэхэтт: пщыхэр, уэркъхэр, зи нэхъыжь къэзыгъакІуэ мэкъумэшыщІэхэр. Нобэрей политикэ псалъалъэр къэбгъэщхьэпэмэ, адыгэ парламентыр «трехпалатнэт», ищхьэкІэ зэрыщыжьитІауэ, лІакъуэ-лІакъуэкІэ гуэщарэ къудамищу зэхэту.

Потёмкиным 1784 гъэм утыку къриХьа лэжьыгъэхэм щыжеІэ: «Ахэр [адыгэхэр] псори щызэхуэзэ зэІущІэшхуэр е чэнджэщышхуэр - мыхьэнэкуу зиІэ, екІуу къызэрагъэпэщ зэхуэсщ, мурад нэхъ лъагэхэри иупхыну хуэфащэу. Абы къыщыхалъхьэ дэтхэнэ зи жэрдэмри къызыбгъэдэкІыр пщыхэрщ: зы цІыху-цІыхуитІ е нэхъыбэ зэчэнджэщыжу утыку кърахьауэ. Ар къызэрызэрагъэпэщыр мыпхуэдэ щыкІэкІэщ. Пщы-тхьэмадэм уэркъ-хэмрэ лъэпкъхэм я нэхъыжьхэмрэ щызэхуэзэну щІыпІэм теухуауэ хъыбар ярегъащІэ. Ахэр зэхуэса нэужь, кьызыхэкІа лІакъуэм ельытауэ, псоми гупищу загъэш: пщыхэр, уэркъхэр, лъэпкъхэм я нэхъыжьхэр. Пщыхэм зы-гуэр къыхалъхьэну щыхуейм деж, я жэрдэмыр уэркъхэм бгъэдалъхьэ. Кьыхалъхьа Іэхум сфІырэ іейуэ хэлъым ахэр топсэльыхь, ауэ езыхэр пщыхэм я унафэ зэрыщІэтым кьыхэкІыу, нэхъыбэм арэзы мэхъу. Абыхэм кьабыл ящІа унафэр лъэпкъхэм я нэхъыжьхэм я пащхьэ ираЛъхьэ. ЦІыхубэр арэзы зытехуэу унафэр хабзэ (закон) мэхъу. Ахэр хуитщ щыхэм кьыхалъхьэу уэркъхэм кьабыл ящІа унафэр якъутэжыну. НэгъуэщІу жыпІэмэ, лъэпкъ цІыхубэм я Іэзху епльыкІэм хабзэм и кьару егъуэт. Пщыхэм я пщэ кьыдохуэ утыку кьрахьа хабзэщІэхэр гъэзэщІа зэрыхъуным зэкІыпІэ кьыхуагъуэтыну. Уэркъхэр абыхэм ядоІэпкъу. Пщыхэм я Іэзху епльыкІэр лъэпкъым кьабыл егъэщІыныр зи пщэрылъыр уэркъхэрщ».

Абы нэхъри зрегъэубгъу зи цІэ кьитІуа Потоцкий Ян 1798 гъэм Шэрджэсейм зэрыщыІар кьыщыІуэтэж сатырхэм: «Зэрыжэгъэгу зыгъэпІейтей Іэхуэхэм «пэкІу» жыхуаІэ, лъэпкъ кьэс кьабгъэдэкІ лІыкІуэхэр кьызэкІуалІэ зэІущІэхэм щытопсэльыхь. Ахэр ныбжькІэ нэхъыжь пщым е пщы-тхьэмадэм ирегъэкІуэкІ. Апхуэдэ зэхуэсхэр кьудамитІ мэхъу: пщыхэмрэ уэркъхэмрэ. КьудамитІми щхьэж и лЫкІуэхэр адрейм хуегъакІуэ, зэрыжаІэмкІи, а зэхуэсхэр екІуу, зэхэтыкІэ дахэм и щапхъэу йокІуэкІ. Аращ адыгэхэм я кьэралыгъуэ псалъалъэкІэ, «палатищу» е кьудамищу зэхэт кьэрал унафэ зэфІэхьыпІэт. А кьудамищыр - пщыхэр, уэркъхэр, мэкъумэшыщІэхэр.

Хасэмрэ пщы уэлиймрэ

Хасэмрэ пщы уэлиймрэ зыхуэбгъэдафынур, псалъэм папщІэ, нобэрей Урысейм и Президентымрэ Федеральнэ Зэхуэс жыхуаІэмрэщ. Сытми, къэралыгъуэм и унафэщІ нэхъыщхьэмрэ абы и дэІэпыкъуэгъу къулыкъущІэшхуэхэр щызэІущІэ Іуэхуащ Іэ нэхъ ин дыдэу къэралым итымрэ. Адыгэ Іуэрыіуатэм ущрохьэлІэ лъэпкъым и кьэжьапІэр зрапх пщы Инал, кьэбэрдеипщэмэрэ бесльэнеипщэмрэ кьызытехъуькІыжар, пщы-тхьэмадэу Хасэм зэрыщыхахам. Ар щыхьэту кьоув, япэрауэ, демократ хэхныгъэхэр адыгэхэм я щыпэльаГъуэ зэрыщымытамкІэ. ЕтІуанэу, апхуэдэ къэрал зехьэкІэ Іэмалыр пасэ зэманым кьызэрыщыжьам ямышІыж, ар дуней хабзэ зыщІахэм адыгэхэри зэращыщымкІэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Нарт Хасэм Сосрыкъуэ и къарур щегъэлъагъуэ.

Адыгэ Хасэм уэрэдыжьхэри щызэхэпхырт.

● Гъуэгу къежьапІэ

Ехъутэныдж Алинэ-цІыкІу псэущхьэхэр фІыуэ елъагъу

Мы тхыгъэр зытеухуа Ехъутэныдж Алинэ Іэпщіэлъапіэщ. Художественнэ школым емыкІуалІэми, ар пасэу дахьэхащ хьэпшып, цІугъэнэ цІыкІухэр, сурэтхэр езыр-езыру щІыным.

АЛИНЭ цІыкІу дунейм кьытехьа нэужь, фІащыну цІэр иджыри зы мазэкІэ къахухэхакъым. ЦІэ фІэщыпхъэ зыми дзыхь хуэзымыщІ адэм адрейхэр къыпэплъэху, псори сабийм «ПалэкІэ» еджэурэ къекІуэкІащ. Хьыданым кІуэцІышыхьа нанур адэм щІэх-щІэхыурэ кьищтэурэ, «кьыхуигупсыса» цІэмкІэ еджэурэ «иригъапщэрт» икІи сыт щыгъуи игъэтІылъыжырт: «Хьэуэ, екІуркъым. Иджыри дыгупсысэнщ», - жиІэурэ. Зэманыр кІуэрт икІи псори сабийм зэреджэ «Палэ» цІэр абы кьыхуагъэнэжыну лъаІуэхэрт, езы нанурм абы еса хуэдэт. Ауэ, зы пщыдджыжь гуэрым адэм сабийр кьищтэри, «Алинэ!» - жиІэри, еджащ. Сабийм занщІэу и щхьэр и адэм дежкІэ игъэзэри, и нэ пІащхэмкІэ еплъащ. Адэр гуфІэрт: «Уэй, Алинэ! Алинэщ и цІэр!» - жиІэурэ. Псори а цІэм щыгуфІыкІащ.

Ехъутэныдж Алинэ къалэм и гимназие №94-м и 6-нэ классым щоджэ. КъишынэмыщІэуэ, Макъымэ школ №92-м фортепианэмкІэ и классым макІуэ, «Лондон Экспресс» школым инджылызыбзэр щедж, спортым псы есынымкІэ и унэтІынырэ зыхуегъасэ. Илъэс 12 хьу пщащэ цІыкІум зэпымыуэ къэрэндащ зэмыфэгъуэхэр къызджрохьэкІ, сурэт щыным зэрыдиихьхьым и щыхьэту. Алинэ мызэ-мытІэу щытекІуащ сурэт щІынымкІэ къалэпсо, республикэпсо зэхьэзэхуэхэм.

Пщащэ Іэпэ Іэсым игъэхьэзыр хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэм щІэупщІэ яІэщ, псом хуэмыдэу аэрэ ныбжьыщІэхэм яфІэгъэщІэгъуэщ. Ауэ, зэрыдиихьхьым и псэущхьэхэр (хьэхэр, гъэщ джэдуэр, шыхэр) фІыуэ зыльагъуу кьыдэкІуэтей хьыджэбзэ цІыкІр, дауи, щІэблэм я мызакъуэу, балигъхэми ди щапхъэщ. ЦІыхуэри псэущхьэуи ирехъуи, щытыкІэ гугъу ихуахэм гуэз-лъыз яхуэмІуэ кьыдэкІуэтей дэтхэнэри мыкъымыщІагъэхэм пэІэщІэу ГъащІэм дэбэкъуэнущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Щапхъэ

КъытщІэхъуэ щІэблэр щІыдопІыкІ

Урысей Федерацэм и МЧС-р кьыззрызэрагъэпэщрэ илъэс 30, ТекІуэныгъэ Иныр кьыззрытхьрэ илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым альпинист Іуэхугъуэ щхьэпэ щхьэзыкІащ.

КАВКАЗ Ищхьэрэ, Ипщэ, Ищхьэрэ-КъухьэпІэ къэлъыхъуакІуэ-кьеГъэлъапкІуэ щІыналъэ гупхэм я къудамэхэм я лэжьакІуэ 45-рэ Іуащхьэмахуэ и щыгум дэкІуеящ. Абы хэтащ Кавказ Ищхьэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ я субъект псоми икІахэр.

КъеГъэлакІуэхэр Іуащхьэмахуэ ебгъэрыкІуащ щІыпІэм щІыхьэхагъэзэгъа «Приют 11»-м кьыщыщІэдзауэ. Іуэху щхьэпэм хэта псори абы и щыгум хэщІыныгъэншэу нэсащ. Фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхри, ахэр бэІутІэІуныщэу бгым кьехьжащ.

ЕтІуанэ махуэм «Мир» станцым (тенджьызым елъытауэ метр 3500-рэ и Іьагагъщ) щыІэ «Іуащхьэмахуэ лъапэ зыхьума лІыхъужьхэм» я монументым и деж пщІэ щыхуащІащ Европэм и бгы нэхь лъагэ дыдэр яхъумэу хэкІуэда совет сэлэтхэм я фэеплъым. ИужькІэ, къуршым и дэкІыпІэкІэр Іэрамыгъэхьэу бийм япэщІэта зауэлІхэм Терскол кІуэжьэм щыхуагъэуа фэеплъ сыным пэгъунэгъуу, къегъэлакІуэхэм пэкІу ирагъэкІуэкІащ. ЛІыхъужь хэкІуэдахэм я фэеплъу дакъикъэкІэ щымащ. ИтІанэ обелискым удэ гъэгъахэр бгъуралъхьащ.

- ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъумрэ ди министерствэм и юбилеймрэ гулъытэншэу кьытхуэгъэнэнутэкъым, жиІащ МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ къэлъыхъуакІуэ-кьеГъэлакІуэ гупым и унафэщІ Ципковский Александр. – Абы кьыхэкІыу дызэгурыІуащ а Іуэхугъуэ инхэм я щІыхькІэ Іуащхьэмахуэ дыдэкІыну. Ар хъарзынэу кьыдэхъуІащ. Ди мурад нэхъыщхьэт Хэку зауэшхуэм и лІыхъужьу хэкІуэдахэмрэ псэухэмрэ яхуэфэщэн пщІэ яхуэтщІыныр. ЗышыІэныгъэмрэ псэемыблэжьныгъэмрэ я щапхъэхэр абыхэм дагъэлъэгъуащ. Аращ ныбжьэр хэкупсэ гъэсэныгъэм лъабжьэ быдэ хуэхъуар икІи кьытщІэхъуэ щІэблэр зыщІэтІыкІыр.

Іуащхьэмахуэ дамыгъэ Іыщ хуэхъуащ ТекІуэныгъэм хуэпабгъэ дэтхэнэми. Абы и щыгум кьыщыхутэныр лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ я пщалъэщ. Араш дэтхэнэ зы Іуэхугъуэ щхьэпэри Европэм и бгы нэхь лъагэ дыдэм щІэтэмэ, щагъэлъапІэмэ, куэдым щІафІэфыр. Абы дэкІуеяхэм эзи къаухэкІакъым Хэку зауэшхуэм и зэманым Іуащхьэмахуэ лъапэ яхьумэу хэкІуэда совет сэлэтхэм я фэеплъым и деж кьыщыдэтеувыІэу, хуэфащэн пщІэ хуэзымыщІа. Адэкіи апхуэдэу зэрыщыІтынум шэч хэлъкъым.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● Футбол

Адэкіи бэлэрыгъ хъунукъым

Джэгугъуит! ипэкІэ Псынэдахэ къуажэм очкоитІ зэрыщыфІэкІуэдам хуэфэщэн дерс кьыхихащ Прохладнэ и «Энергетик»-м. КъыкІэлъыкІуэ зэІуцІэхэм ар бжьыгъэщхуэкІэ щытекІуащ икІи зэхьэзэхуэм и пашэныгъэр щигъэбыдащ.

ЗЭКІЭПЪХЬЭУЖЬУ къахуеблэгъа «Урыхымрэ» «Къундетеймрэ» топ тхуэрытху-хырыкъ худагъэкІри, прохладнэдэсхэм я Іэхуэхэр нэхъыфІыжь ящІащ. Пэжщ, абыхэм кьапэгъунэгъу дыдэщ зы очко фІэкІа нэхъыбэ зыфІэмыкІыуэда «Спартак-Д»-р. Аращ «Энергетик»-р адэкІи бэлэрыгъ щІэмыхъунур.

Зэхьэзэхуэм ещанэ увыпІэр щызыІыгъ «ХьэтІохъущыкъуейр» Нарткъалэ кІуат я стадиониф къызыхуэт щымыІэу зыхуэт хуагъэзэжу кьызэрызэІуахыжам дэрэжьгъуэ ин къаритауэ. Абырэ «Нартымрэ» хуабжьу зэныкъуэкъуащ. Еплъыну къэкІуахэм зэгъусэу топипщІ зэрыдагъэкІар ирагъэльагъури, хьэщІэхэм очкоищхр зыІэрагъэхащ. Арщхьэкіэ, яГъэзэжа иужькІэ махуищ дэкІри, я лъахэгъу цІэрыІуэу Іэпщэ Александр и цІэр зыфІащащ я стадионым япэу щрагъэкІуэкІа зэІуцІэм хьэтІохъущы-къуейдэхэр «Бахьсэным» щефІэкІыфакъым. ЗэрытемыгъэкІуаеу икІи бжьгъэр кьызэІуамыхаяу джэгур зэфІэкІащ.

Пашэхэм яхэтщ Псынэдахэ и «Родник»-ри. БлэкІа джэгугъуитым ар Малкэрэ Бабугентрэ щыхьэщІати, хэгъэрейхэм зыш топитху, адрейм топибл яхудиигъэкІащ.

Тхьэмахуэ блэкІам хьэлэмэтащ «Тэрчыр». Япэщыкіэ ар и стадионым 0:3-уэ Налшык икІа «Спартак-Д»-м щыхигъэщІащ. Абы игъэгубжьа джьлахъстэнейдэсхэм, махуипл дэкІри, Шэджэм ЕтІуанэ кьуажэм а бжьыгъэ дыдэмкІэ «яль щащІэжащ».

Гъащхьэвуэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ мыгъэрей зэхьэзэхуэм топибгъу щыдэзыгъэкІа «ХьэтІохъущыкъуейм» и пашэ Кумыщ Анзор. Абы зымащІэкІэ кьыкІэроху «Урыхум» и гъащІэуэ Тэнащ Инал.

Адэкіэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу зэІуцІэхэм къариКІуа бжьгъэхэм. Мис аэр: *ебланэ джэгугъуэ* - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **3:3**, **«Налшык»** (Налшык) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **3:2**, **«Тэрч»** (Тэрч) - ***«Спартак-Д»*** (Налшык) - **0:3**, **«Бахьсэн»** (Бахьсэн) - **«Къундетей»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **1:1**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Инал»** (Къэрэгъэш) - **3:3**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«ХьэтІохъущыкъуей»** (ХьэтІохъущыкъуей) - **4:6**, **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **«Урыху»** (Урыху) - **6:2**, **«Малка»** (Малкэ) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **2:5**; *еянэ джэгугъуэ* - **«Урыху»** - **«Малка»** - **0:2**, **«ХьэтІохъущыкъуей»** - **«Бахьсэн»** - **0:0**, **«Инал»** - **«Нарт»** - **3:2**, **«Шэджэм-2»** - **«Тэрч»** - **0:3**, **«ЛогоВАЗ»** - **«Родник»** - **2:7**, **«Энергетик»** - **«Къундетей»** - **5:1**, **«Налшык»** - **«Шэрджэс»** - **2:3**. «Спартак-Д» - «Ислъэмей» зэІуцІэр яГъэзэнхъуащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2020 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Энергетик»	8	7	1	0	37-9	22
2. «Спартак-Д»	7	6	0	1	29-9	18
3. «ХьэтІохъущыкъуей»	8	5	3	0	19-13	18
4. «Родник»	7	5	2	0	23-8	17
5. «Тэрч»	8	5	1	2	15-7	16
6. «Налшык»	7	4	0	3	15-14	12
7. «Бахьсэн»	8	3	2	3	16-16	11
8. «Къундетей»	8	3	1	4	13-19	10
9. «Малка»	8	2	3	3	18-24	9
10. «Урыху»	8	2	2	4	20-25	8
11. «Инал»	8	2	2	4	18-24	8
12. «Шэджэм-2»	8	2	0	6	13-23	6
13. «Нарт»	8	1	2	5	18-24	5
14. «Шэрджэс»	8	1	2	5	18-24	5
15. «Ислъэмей»	7	0	4	3	9-20	4
16. «ЛогоВАЗ»	8	0	3	5	13-34	3

● Шыгъажэ

Урысейпсо дербим Сыжажэм и шыр щытокІуэ

Мэзкуу и ипподром нэхъыщхьэм шыщхьэуІуи и 16-м тхыдэм хьхьэн Іуэхугъуэ къыщыхъуащ - илъэсищ зи ныбжь шы лъэпкъ къабзэхэм 2020 гъэм къриубыдэу мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ зиІэ я зэдэжьэм щытекІуащ Сыжажэ Руслан зытеса Дер Іэмырбэч и Людовик шыр.

УРЫСЕЙПСО дербим мы гъэм, адрейхэм елъытауэ, хуабжьу зэхьэрхуэрэгъу лъэщ куэд щызэхуэсат. Абы кьырихьэлІат нэхъапэм апхуэдэ зэхьэзэхуэ инхэм щытекІуахэу Командор Стартрэ Урартурэ (Краснодаррэ Псыхуабэрэ икІахэу), саугъэт лъапІэхэр къыщызэхьэху Виски Лемон Барс, Грэйт Виннер, Паганини, Гоуер шыхэр. Мэзкуу щаІыгъ Людовикрэ Фемистоклри зыкъомкІэ уащыгугъ хъунут. КІэщІу жыпІэмэ, бэнэныгъэ гуащІэ зэрыщыІэнум зыми шэч кьытрихьэртэкъым. ИкІи ахэр къэпщІакъым.

Мэзкуу и ипподром нэхъыщхьэм иджыблагъэ Гъэмахуэ саугъэт иныр къыщызыхьа Фемистокл зэуэ япэ ищащ. Мыгувэу ар къызэринэжІащ Виски Лемон Барс. Япэ къекІуэкІыгъуэр абы кьырихьэлІащ адрейхэм зыкъомкІэ ящхьэщІкІаУ.

ИжьырабгъумкІэ щагъэшым, Сыжажэ Руслан кьиІэхэ Людовик шыр пашэхэм яхэхащ. Зы тэлай дэкІри, ар япэ ищащ. Абы кьыбгъурыт дыдэт Виски Лемон Барсрэ Командор Стартрэ. А щыр адрей я хьэрхуэрэгъуэхэм хэпщІыкІыу ятежат.

Финишыр кьалъагъу щыхъум, Людовик кьыдэжэхэм мащІэу кьахэкІуэтащ. Зэныкъэкъуныгъэм ар къыхэкІауэ кьыпщыхъурт.

Виски Лемон Барс аргуэру пашэныгъэр иубыдащ. Ар зыльэгъуа Людовик Іэл фІыцІэу кьызэкІуэкІащ икІи, пщІащхъуэм хуэдэу, зэуэзэпсу зэричри, финишым япэу кьэсащ!

- Зэхьэзэхуэм дызэрыхэтыным ехьэлІа мурад пыухыкІа диІакъым, - жиІащ зэпеуэ гуащІэм щытекІуа Сыжажэ Руслан. – Людовик шы сабырщ, жыІэдаІэщ, ищІанур езым ещІэж. Нэхъыщхьэр зэуэ зрача иужькІэ ар къыкІэрымыгъэхунырт. Виски Лемон Барс япэ зэрищам игъэгубжьат сызытесыр. Ар шы Іумпім ерыщу кьеныкъуэкъуэрт, сыутІыпщащ икІи зэрыхуэгъу кьзэгъэжащ. Араш текІуэныгъэр кьытхуэзыхьари.

Шы лъэпкъ кабзэхэм гъэм къриубыдэу мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ зиІэ я Урысейпсо дербим апхуэдэ щытекІуахэр щІэблэ щытекІуащ Сыжажэ Руслан зытеса Людовикыр. Иджыри къэс иІа екъулІэныгъэ нэхъ ин дыдэм, дамыгъэ лъапІэхэм кьищынэмыщІауэ, абы кьыхуихьащ ахъшэ саугъэту сом мелуанитІ.

ЖЬІЛАСЭ Замир.

● Банк Іуэхухэр

Губгъуэ лэжьыгъэхэм хухах

Урысейм и «Мэкъумэшбанк» АО-м щІегъэхуабжьэ губгъуэ лэжьыгъэхэм мылъку хухэхьныр. Мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ар сом мелард 222,9-м нэсащ.

НЭГЪАБЭ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ «Мэкъумэшбанкым» агропромышленнэ комплексым ирата щІыхуэм процент 27,4-кІэ щІигъуащ. Иджы ар псори зэхэту сом мелард 742-м нэсащ.

2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм кредиту сом мелуан 262-м щигъу къащтащ. Ар нэгъабзэрыи проценти 2,4-кІэ щІегъу.

«ЦІыхуэ къэзыщтэхэм я процент 90-р хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ пэрытхэрщ. Коронавирус уз зэрыщІалэм зыщцыбгъуа лъэхъэнэм дэ тлъэкІ кьэдгъэнакъым мэкъумэшыщІэхэм защІэдгъэкъуэныкІэ. Абы и фІыгъэкІэ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр и чэзу зэрагъэкІащ. Иджы кьалэн нэхъыщхьэр кьагъэкІа гъавэр кІэрыхунэу зэщІакъуэжьныкІэ дадэІэпыкъуныр», - къыхигъэщащ Урысейм и «Мэкъумэшбанк» акционер обществэм и правленэм и унафэщІым и яІэ къуэдзэ Жачкинэ Иринэ.

Къапщытэжа лъэхъэнэм къриубыдэу, мэкъумэшыщІэхэм губгъуэ лэжьыгъэхэр и чэзум зэфІагъэкІыфІын папщІэ банкым сом мелард 97,3-рэ хухихащ. Абы щыщу сом мелард 36,3-р худэчыс иІэу Іэрагъэхьащ хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ пэрытхэм. Проценти 5 нэхъыбэ илъэсым щхьэщамытыкІыу 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и аграриехэм хуаутІыщащ сом мелуан 269-рэ, сом мелуан 39-м щигъур - инвестицэ кредитхэу.

Худэчыс зиІэ къэрал программэм ипкъ итКІэ, Урысейм и «Мэкъумэшбанк» АО-м къызэІуихащ «Сезонный Стандарт «Растениеводство», «Сезонный Стандарт «Животноводство», «Под заказ будущего урожая», «Сезонный «Переработка», «Агро-Сезон», «Сезонный «Оптимальный», «Кредит на приобретение зерна под его залог» кредит лІэужьыгъуэхэр. Уэдэзыхьэхэу «Сезонный лёгкий» Іэмалыр. Абы ипкъ итКІэ сом мелуан 50-м нэблагъэ банкым псынщІэу къыхуахьащ.

Урысейм и «Мэкъумэшбанк» акционер обществэм мылькуКІэ и щІэныгъэ къуажэдэс зыкъыгъэсэбэп я материально-техникэ лъабжьэр игъэбыдэн, щыгъэпщэрэр, жылэ зэмылІэужьыгъуэхэр ящащэхэм папщІэ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

● Хъыбар гуапэ

Налшык къалэр аргуэру япэ йощ

Хабзэ зэрыхъуауэ, «Урысейм и къалэ» щІыхьыщІэр къэхьыным теухуа зи чэзу урысейпсо интернет ІэІэтыр ирагъэкІуэкІ. ЗэкІэ Налшык къалэр яхэхуащ япэ увыпІищыр зыІыгъэхэм.

«УРЫСЕЙМ И КЪАЛЭ» интернет-проектыр кьызэрагъэпэщащ лъэпкъхэм я зыужьныгъэм, къралым и тхыдэ-щэнхабзэ хъуГъуэфІыгъуэхэр хьэмэным хэлъхьэныгъэхэр хуащІын папщІэ. Ар кьыхэзыІулъхьахэм я мурадыр хуэунэтІащ лъэпкъхэм я лъапІэныгъэхэр нэхъри яГъэбыдэну, Урысейм и кьалэхэм я тхыдэм нэхъапэм яІа щІэупщІэр къагъэщІэрэщІэжьыну, къэралым и цІыхухэм я щэнхабзэ, тхыдэ, архитектурэ фэеплъхэм пщІэ хуащІу, иригушхуэу къагъэхъуну.

ІэІэтыр щокІуэкІ «Город России. Национальный выбор» проектым и сайтым. Абы иджыпсту кьрикІуа бжьыгъэхэм ятепщІыхьмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэр яхэхуащ 2020 гъэм къэралым и административнэ центрхэм я нэхъыфІу, я нэхъ дахэу, цІэрыІуэу кьалытэ кьалищым. Ар и щыхьэтщ Налшык щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэм, щыпсалъэм кьыдекІуэкІ тхыдэ купщІафІэм, гъащІэ дахэм хуэд зэрыдахьэхьым. Республикэм щыпсэу, зи щІыналъэр фІыуэ зыльагъуу е абы и хьэщІэхэм ящыщу гукъыдэж зиІэ дэтхэнэми хэлъхьэныгъэ тхуухуэщІынущ Налшык а увыпІэ лъагэм кьедмыгъэзыныр икІи ди япэ ища кьалитІыр кьызэдгэкІынным. ФІыуэ тлъагъу ди кьалэр фІым я фІыжу кьалъыитэныжкІэ жэуаплъныгъэ кьызэрытлъысыр зыхэзыщІэ псоми Іэмал диІэщ дызэкъуэувэу Налшык махуэ кьэс зэ Іэ хуэтІэтыну.

Иджыпсту Севастополь япэ итщ. Абы папщІэ 122012-м Іэ яІэтащ, Смоленск и тельхьэщ, цІыку 116959-рэ. Ещанэу щыт Налшык ІэІэту 89883-рэ иІэщ.

Япэ ища кьалэ 20-р Магас зэхуецІыжь. Ставрополь кьалэр зэкІэ 43-нэ увыпІэм щыІэщ, абы Іэ Іэту 3773-рэ иІэщ. Черкесск кьалэр 58-нэ увыпІэм щытщ, Владикавказ 73-нэщ, Мэхъэчкъалэ абы кьэдкІэ кьыкІэрыхурэкъым. Гроэнэм 80-нэ увыпІэр зэкІэ лъагъэс.

Проектым яГъэхащ къэралым и кьалэ зэмылІэужьыгъуэхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ теуухуа тхыгъэ хьэлэмэтэхр, щыпІэ дахэхэм, зыгъэпсэхупІэхэм, фэеплъэм ухэзыгъэгъуазэхэр, сурэт тельыджэхэр щыгъуэ. ФфІэгъэщІэгъуэн кьалэм теухуа тхыгъэ щІэщыгъуэхэр сайтым кьызэрыщІэгъэтынум кьыдэкІуэу, Іэмал фиІэщ фызэдэщІар кьызэрыфІыхьуам ехьэлІа фи Іуэху епльыкІэхэмкІэ щІыхуэм фадэгуэшэну.

Щыхьэр Іэ щыхьэр Чебоксары кьалэм бжьыпэр льагъэсащ.

«Урысейм и кьалэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат и зи чэзу зэІуцІэхэм кьариКІуа бжьгъэхэм. Мис аэр: *ебланэ джэгугъуэ* - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **3:3**, **«Налшык»** (Налшык) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **3:2**, **«Тэрч»** (Тэрч) - ***«Спартак-Д»*** (Налшык) - **0:3**, **«Бахьсэн»** (Бахьсэн) - **«Къундетей»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **1:1**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Инал»** (Къэрэгъэш) - **3:3**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«ХьэтІохъущыкъуей»** (ХьэтІохъущыкъуей) - **4:6**, **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **«Урыху»** (Урыху) - **6:2**, **«Малка»** (Малкэ) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **2:5**; *еянэ джэгугъуэ* - **«Урыху»** - **«Малка»** - **0:2**, **«ХьэтІохъущыкъуей»** - **«Бахьсэн»** - **0:0**, **«Инал»** - **«Нарт»** - **3:2**, **«Шэджэм-2»** - **«Тэрч»** - **0:3**, **«ЛогоВАЗ»** - **«Родник»** - **2:7**, **«Энергетик»** - **«Къундетей»** - **5:1**, **«Налшык»** - **«Шэрджэс»** - **2:3**. «Спартак-Д» - «Ислъэмей» зэІуцІэр яГъэзэнхъуащ.

Шыщхьэуіу зэіуцІэхэр

Урысей Федерацэм и етІуанэ дивизионым и Япэ гуп

Ещанэ джэгугъуэ

Шыщхьэуіум и 23

(Къэмахуэ)

«Мэзышкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Интер» (Черкесск)

«ЕсэнтІыгу» (ЕсэнтІыгу) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)

«Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ) – «Анжи» (Мэхъэчкъалэ)

«Краснодар-3» (Краснодар) - **«Спартак-Налшык» (Налшык)**

«Дружба» (Мейкьуапэ) - «Мэхъэчкъалэ» (Мэхъэчкъалэ)

СКА (Дон Іус Ростов) - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь)

«Кубань-Холдинг» (Павловск) - «Черноморец» (Новороссийск)

«Форте» (Таганрог) – «Кубань» (Краснодар)

Еплланэ джэгугъуэ

Шыщхьэуіум и 28

(Мэрем)

«Анжи» - «Краснодар-3»

Шыщхьэуіум и 29

(Щэбэт)

«Интер» - «Форте»

«Мэхъэчкъалэ» - СКА

«Динамо-Ставрополь» - «Легион Динамо»

«ТІуапсы» - «Мэзышкъуэ-КМВ»

«Кубань» – «Дружба»

«Черноморец» - «ЕсэнтІыгу»

«Спартак-Налшык» - **«Кубань-Холдинг»**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат

Ебгъуанэ джэгугъуэ

Шыщхьэуіум и 20

(Махуэку)

«Налшык» (Налшык) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент)

«Ислъэмей» (Ислъэмей) - «Шэджэм-2» (Шэджэм ЕтІуанэ)

«Бахьсэн» (Бахьсэн) - «Инал» (Къэрэгъэш)

«Родник» (Псынэдахэ) - «Урыху» (Урыху)

Шыщхьэуіум и 21

(Мэрем)

«Тэрч» (Тэрч) - «Шэрджэс» (Шэджэм)

«Энергетик» (Прохладнэ) – «ХьэтІохъущыкъуей» (ХьэтІохъущыкъуей)

Шыщхьэуіум и 22

(Щэбэт)

«Нарт» (Нарткъалэ) - «Спартак-Д» (Налшык)

«Малка» (Малкэ) - «Къундетей» (Шэджэм ЕтІуанэ)

ЕпщІанэ джэгугъуэ

Шыщхьэуіум и 25

(Гъубж)

«Къундетей» – «Родник»

«ХьэтІохъущыкъуей» - «Малка»

«Инал» - «Энергетик»

«Налшык» - «Тэрч»

Шыщхьэуіум и 26

(Бэрэжьей)

«ЛогоВАЗ» - «Урыху»

«Спартак-Д» - «Бахьсэн»

«Шэджэм-2» - «Нарт»

«Шэрджэс» - «Ислъэмей»

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр редактор нэхъыщхьэм и япэ хуэдэу **ЖьэкІэмыкъо Маринэ Мурадин и пхъум хуогузавэ и анэ дэлъху Шырыт Владимир Машэ и къуэр** дунейм зэрехьжам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтыныгъэр хуэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхугъэлапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894
Тираж 1.973
Заказ №1675